ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№80 (24.986) • 2026 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 4, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

## УзыщыгуфIыкIщ къэпщытэныгъэхэм къэрикIуар



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкIуэкIа зэIущIэм щIыналъэ егъэджэныгъэ IэнатIэм ехьэлIа Iуэхугъуэ куэдым щыхэплъащ. Гулъытэ хэха зыхуащIахэм ящыщщ Зыуэ щыт къэрал экзаменыр (ЕГЭ) мы гъэм зэрекIуэкIамрэ абы къэрикIуахэмрэ.**

2025 - 2026 гъэ еджэгъуэм и кIэухыу ди республикэм и школхэм мы зэманым щекIуэкIа къэрал къэпщытэныгъэхэм хэтащ ныбжьыщIэ мини 5,2-м щIигъу. УщымыгуфIыкIыу къанэркъым ЕГЭ-р зытахэм ящыщу цIыху 21-м къэпщытэныгъэхэмкIэ балли 100 къызэрахьам. 11-нэ классыр къэзыухахэм ящыщу тIум предметитIымкIэ балли 100 зырыз къахьащ. КъищынэмыщIауэ, балл лъагэ (80 - 90) ЕГЭ-мкIэ къахьащ цIыху 1340-м. Ар мэхъу зытахэм я проценти 8,7-рэ. Нэгъабэ апхуэдэ школакIуэхэм я бжыгъэр проценти 5,8-рэ хъууэ арат.

ЕГЭ-м къэрикIуа псори нэсу хэIущIыIу щыхъунур бадзэуэгъуэм и 8-9-хэм щыIэну къэпщытэныгъэхэм иужькIэщ. Ауэ республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ мы Iуэхугъуэхэр:

- Гуманитар предметхэмкIэ, хабзэ хъуауэ, ди еджакIуэхэм щIэныгъэ лъагэ зэраIэр къагъэлъагъуэ сыт щыгъуи, атIэми къыхэзгъэщыну сыхуейщ: мыгъэрей къэпщытэныгъэхэм апхуэдэ ехъулIэныгъэфIхэр ныбжьыщIэхэм зыIэрагъэхьащ физикэмкIэ, химиемкIэ, математикэмкIэ, информатикэмкIэ, географиемкIэ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - А предметхэмкIэ еджакIуэхэм щIэныгъэ куу къызэрагъэлъэгъуар, дауи, и фIыгъэщ егъэджэныгъэм и методикэ, техникэ лъабжьэхэр зэрыдгъэбыдам, зэредгъэфIэкIуам, адэкIэ зыхуеджэну я мурад IэщIагъэм епха щIэныгъэ курыт школым зэрыщедгъэгъуэтыфам, «Зыужьыныгъэм и къежьапIэ» IэнатIэхэр къызэрызэIутхам. Апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ иIащ естественнэ щIэныгъэхэр езыгъэдж IэщIагъэлIхэм дэIэпыкъуэгъу дазэрыхуэхъуами.

ЗэIущIэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ школакIуэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманыр зэрекIуэкIымрэ ар адэкIи къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщын зэрыхуеймри. ЩIыналъэм и пашэм нэхъапэм зэрыжиIамкIэ, ди республикэм и ныбжьыщIэ мини 10-м щIигъу къызэщIеубыдэ а Iуэхугъуэм. Махуэ зыбжанэ ипэкIэ лэжьыгъэр яухащ школхэм епхауэ щыта махуэ лагеру 47-м. А еджапIэхэм иджы щаублэнущ гъэ еджэгъуэщIэм зыхуэгъэхьэзырыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр. Школ лагерхэм зыщагъэпсэхуащ сабий мини 3,3-м щIигъум. Ар хуэдищкIэ нэхъыбэщ, нэгъабэрей бжыгъэхэм еплъытмэ.

Мы зэманым республикэм иджыри щолажьэ апхуэдэ лагерь 15. Псори зэхэту къапщтэмэ, сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм мы гъэм хухахащ сом мелуан 86-м щIигъу, республикэ мылъкум къыхэкIыу. Апхуэдэ гулъытэ псом япэу зыгъуэтыр бын куэд щапI унагъуэхэм ис сабийхэращ, СВО-м хэт ди лъахэгъухэм я бынхэращ, апхуэдэуи зи узыншагъэм сэкъат иIэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэщ.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм набдзэгубзаплъэу зэрыхущытыпхъэр, ахэр ерыскъы тэмэмкIэ, шынагъуэншагъэкIэ къызэгъэпэщын, лагерхэм зэрыщыIэну зэманыр купщIафIэу, хьэлэмэту, нэгузыужьу ирахьэкIын зэрыхуейри жиIащ. А лэжьыгъэхэр тэмэму езыгъэкIуэкIыпхъэхэми Iуэхум епха къалэнхэр пщэрылъ яхуищIащ.

## Къэралым щынэхъыфIщ ди ныбжьыщIэхэр

**Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм баллищэ къыщызыхьа ныбжьыщIэхэмрэ урысейпсо олимпиадэхэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ яIущIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Республикэм и унафэщIым Максым щиIэ напэкIуэцIым а зэIущIэм теухуауэ щитхащ:**



«ДЭТХЭНЭ зыми сыфIущIэну, сынывэпсэлъылIэну икъукIэ си гуапэщ.

Ди къэралышхуэм бжьыпэр щызыIыгъ ныбжьыщIэхэм зэрызахевгъэлъытар - ар икъукIэ ехъулIэныгъэшхуэщ! Ар еджапIэми зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэрми я зэфIэкIыр къэзыгъэлъагъуэщ.

ИкъукIэ фIыщIэшхуэ яхузощI щIалэгъуалэм я егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ - абыхэм я дэIэпыкъуныгъэ хэмылъу а лъагапIэм фынэсыфынутэкъым.

Махуэ къэс дэ яужь дитщ къытщIэхъуэ щIэблэр едгъэджэн папщIэ нэхъыфI псомкIи къызэрызэдгъэпэщыным. ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтын Iэмалыр псоми зэхуэдэу яIэн хуейщ. А къалэным зэпыууэ и нэIэ тригъэтщ ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ехъулIэныгъэфIхэр иIэщ, ауэ дэ дыздынэсам дыкъыщыувыIэну ди мурадкъым. АдэкIи едгъэфIэкIуэнущ школхэм щIэныгъэ зэрыщрагъэгъуэт щIыкIэр, егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэм и Iулыджыр къэтIэтынущ.

Ди зэпсэлъэныгъэм дэ дыкъыщытеувыIащ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэгъэгъуэтыным, медицинэм, архитектурэм, къалэухуэ, нэгъуэщI куэдми пыщIа Iуэхухэм. И гугъу тщIащ хэкупсагъэм, дунейм къыщыхъу зэпэщIэтыныгъэхэм - щIалэгъуалэм псори яфIэгъэщIэгъуэнщ!

Курыт еджапIэр къэзыуха ди ныбжьыщIэхэм си гум къыбгъэдэкIыу сохъуэхъу я мурад дахэхэр къехъулIэну.

Шэч къытесхьэркъым: фэ фщыщ дэтхэнэми зи лэжьыгъэм хуэIэзэ IэщIагъэлI къыфхэкIынущ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрыр адэкIи ефIэкIуэным, абы нэхъри зиужьыным хэлъхьэныгъэ хуэфщIынущ.

ЕхъулIэныгъэ фиIэну си гуапэщ!»



ГуащIафIэщ Астемыр

3-нэ нап.



ЗэбгрыкIыжащ ящIэнур яубзыхуауэ

4-нэ нап.



Къуажэдэсхэм гуапэу ирагъэблэгъэж

10-нэ нап.




11-нэ нап.



Театр сурэтыщIым и IэдакъэщIэкIхэр

12-нэ нап.


Адыгэ Псалъэ

# Яухуэ, зэрагъэпэщыж, зыхуей хуагъазэ

**Республикэм и псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэм зегъэужьыным пыщІа Іуэхухэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Абы щыхэплъащ «Коммунальнэ инфраструктурэр егъэфІэкІуэн» къэрал проектыр гъэзэщІа зэрыхъум.**

ДЫЗЭРЫТ илъэсым яухуэну, зэрагъэпэщыжыну, къызыхуэтыншу зыхуей хуагъэзэну я мурадщ псы кІуапІэ, къагъэсэбэпар зэрыІуаш бжьамийхэр зыхыхьэ объекту 12 - Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ къалэхэм, Хьэбэз, Шэджэм ЕтІуанэ, Прималкинскэ, Инарыкъуей, Акъбащ Ипщэ, Мэрзэхъу, Бедык къуажэхэм щызэфІагъэкІынухэр. Ухуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІынущ Налшык, Прохладнэ, Куба, Прималкинскэ, Каменномост, Шэджэм ЕтІуанэм - лэжьыгъэхэр 2027 гъэм зэфІагъэкІын хуейуэ.

Псом хуэмыдэу гулъытэ хэха хуащІынущ «Нэхъыщхьэ» псы къыщІэшыпІэмрэ Налшык къалэм псыр щагъэкъабзэ и станцымрэ къэгъэщІэрэщІэжыным хуэгъэза къалэнхэм. Илъэс кІуам апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІащ жылэ 15-м.

Апхуэдэуи пащэ унэхэр хуабэкІэ къызэзыгъэпэщ ІэнатІэхэр къэгъэщІэрэщІэжыным теухуа лэжьыгъэхэми, абыхэм ящыщщ хьэкущІэхэр зэрагъэувври.

Жылагъуэ зэхуэсыпІэхэр зэІузэпщ щІыным хуэгъэпса лэжьыгъэхэри къызэтеувыІэркъым. Мы гъэм апхуэдэу 35-м елэжьыну яубзыхуащ. Абыхэм ящыщщ проект нэхъыфІхэм я урысейпсо зэпеуэм щытекІуахэр гъэзэщІэнри - Налшык щащІ «Экстрим-парк», Шэджэм - «Къалэм уиутІыпщыркъым», Май къалэм и «Парк Заря» зыфІащахэри яхэту. Ухуэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Налшык къалэм щащІ ТекІуэныгъэм и паркыр. Абы и етІуанэ Іыхьэм лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ мы зэманым.




# Хэхыныгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис деж щыІэ Эксперт советым и зи чэзу зэІущІэ мэкъуауэгъуэм и 30-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ.**

ЗЭХЫХЬЭМ Іуэхугъуэ зыбжанэм щытепсэлъыхьащ. Абыхэм ящыщщ цІыхухэм хэхыныгъэ и лъэныкъуэкІэ я хуитыныгъэхэр хъума, я фІэфІыныгъэкІэ къагъэсэбэпа зэрыхъуным теухуар, езы ІэнатІэм 2026 гъэм и япэ мазихым къриубыдэу иригъэкІуэкІа лэжьыгъэр зыхуэдэр, лъэхъуэщхэм исахэр жылагъуэ гъащІэм къыщыхыхьэжкІэ зыІууэ лъэпощхьэпохэр къызэранэкІа зэрыхъуным хуэгъэзар, дзэм хэтхэм защІэгъэкъуэным ехьэлІар.

КъБР-м ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и Уполномоченнэм деж щыІэ Эксперт советыр мы зэманым иужь йохьэ 2026 гъэм и фокІадэм ирагъэкІуэкІыну хэхыныгъэхэм зыхуэгъэхьэзырыным. КъызэгъэпэщакІуэхэр ириґъуэзэнущ омбудсменхэм я зэІущІэу УФ-м и къалащхьэм щекІуэкІам зыщытепсэлъыхьахэмрэ абдежым къыщащта унафэхэмрэ.

Къыхэдгъэщ зэрыхъунумкІи, мазэ блэкІам и 17-м ди къэралым и щыхьэрым, УФ-м ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и Уполномоченнэ Лантратовэ Янэ и нэІэ щІэту, УФ-м Хэхыныгъэхэмкіэ и центральнэ комиссэм и унафэщІ Памфиловэ Эллэ яхэту, щызэхаша зэхуэсым щытепсэлъыхьащ хэхыныгъэхэм екІуалІэхэм е я унэм щІэсу хэтыну зезыгъэтххэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ щыІэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр зыхуэдэмрэ а унэтІыныгъэм ехьэлІауэ гу нэхъ зылъытапхъэхэмрэ.

Хэхыныгъэхэр зэрекІуэкІым щыкІэлъыплъкІи, КъБР-м и Эксперт советым гъуазэ нэхъыщхьэу иІэнур, къызэрыхэдгъэщащи, ищхьэкІэ щыІэ федеральнэ ІэнатІэу зи жыІэ тетым къыщащта унафэхэрщ.

Іуэхугъуэ нэхъыщхьэм ехьэлІауэ къыщыпсалъэм, Зумакулов Борис къыхигъэщащ:

- Ди гуапэ зэрыхъунщи, къызэднэкІа илъэс пщІы бжыгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, ди республикэр хэхыныгъэхэр къызыхуэтыншу щегъэкІуэкІынымкІэ къэрал псом къыщыхэжаныкІахэм ящыщщ, а бгъэдыхьэкІэм дяпэкІи дызэрытетынымкІи ар шэсыпІэщ. Къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжхэм хыдобжэ, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къытхуигъэлъэгъуа Іуэху зехьэкІэм дригъуазэкІэрэ хэхыныгъэхэм цІыху къэс езым нэхъ зытригъащІэр къыщигъэлъэгъуэным хуэгъэзауэ тыншыгъуи, хуитыныгъи, хуей хъумэ шынагъуэншагъи къыхуэздгъэпэщыныкІэ тлэкІ къэдгъанэ зэрымыхъунур, - къыхигъэщащ щІыналъэм и омбудсменым.

Зумакуловым и псалъэм къыпащащ КъБР-м ХэхыныгъэхэмкІэ и комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Джаппуев Мусарэ «КъБР-м и муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм я совет» жыхуаІэм деж щыІэ гъэзэщІакІуэ гупым и унафэщІ Маслов Николайрэ.

Эксперт советым иджырей и зэхыхьэм япэ Іуэхугъуэм ехьэлІауэ къыщащта унафэм къызэрыщыгъэлъагъуэмкІэ, хэхыныгъэхэр хабзэм тету зэрекІуэкІым кІэлъыплъынухэм ящыщу КъБР-м и Уполномоченнэм деж къыщызэрагъэпэщыну гуп щхьэхуэм хэтынухэм, цІыхухэм я упщІэхэм жэуап иратыж къудей мыхъуу, щІыпІэ-щІыпІэкІэри къыщакІухьынущ.

ЗэІущІэм щыжаІам тетщІыхьмэ, КъБР-м и Правительствэм щыщхэм, ХэхыныгъэхэмкІэ комиссэхэм хэтхэм, республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ хуитыныгъэхэмкІэ и министерствэм и лІыкІуэхэм зэдыщІаплъыкІынущ а махуэм Іуэхур щекІуэкІыну унэхэмрэ пэш щхьэхуэхэмрэ хэхакІуэхэм ящыщу зи Іэпкълъэпкъ къызыдэмыбзахэр хуиту икІи лъэпощхьэпоуншэу екІуалІэ зэрыхъуну щІыкІэр зыхуэдэр...

*Тхыгъэри сурэтри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

# Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 4,** *щэбэт*

♦**1766 гъэм** къалъхуащ убыххэм я дзэпщ цІэрыІуэу щыта, Кавказ зауэм и лІыхъужь **Бэрзэдж Дэгумыкъуэ Хьэжы-Исмэхьил.**

♦**1920 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛІыхъужь **Къардэн Къэбард.**

♦**1967 гъэм** къалъхуащ тележурналист **Жэман Мадинэ.**

♦**1975 гъэм** къалъхуащ дунейм бэнэкІэ хуитымкІэ и чемпион **Бажэ Заудин.**

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 5,** *тхьэмахуэ*

♦**Лэжьэрейм и дунейпсо махуэщ**

♦**1957 гъэм** Налшык Лениным и фэеплъ къыщызэІуахащ.

♦**1663 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдейм и пщы уэлий, Къэнжал зауэм текІуэныгъэр къыщызыхьа адыгэдзэм и пашэу щыта **ХьэтІохъущокъуэ Кургъуокъуэ.**

♦**1900 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакІуэ **Абыкъу Хъалид.**

♦**1930 гъэм** къалъхуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, ЩІДАА-м и академик **Апажэ Мухьэмэд.**

♦**1941 гъэм** къалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, ЩІДАА-м и академик **Даут Юрэ.**

♦**1946 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и юрист, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Алий Сулеймэн.**

♦**1963 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и ЦІыхубэ Зэхуэсым и депутат, «Абазашта» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист **Къул Фирдаус.**

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ. ЩІым и малъхъэдис щытыкІэм балли 5-кІэ зихъуэжынущ.

**Бадзэуэгъуэм и 6,** *блыщхьэ*

♦**1944 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и вице-президенту, Правительствэм и УнафэщІу щыта **Губин Геннадий.**

♦**1957 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и гуфІэгъуэ сессие зэхэташ. Ар теухуауэ щыташ Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам икІи республикэм Ленин орденыр етІуанэу къызэрыратам.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакІуэ, Тэрч щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и унафэщІу щыта **Пэнагуэ Максим.**

♦**1956 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щыщ спортсмен, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, 1980 гъэм Москва щекІуэкІа Олимп джэгухэм я чемпион **Рогожин Сергей.**

♦**1957 гъэм** къалъхуащ экономикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Мысачэ Валерэ.**

♦**1960 гъэм** къалъхуащ техникэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Сэхъурокъуэ Анатолэ.**

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ. ЩІым и малъхъэдис щытыкІэм балли 6-кІэ зихъуэжынущ.

**Къытхэхъуащ**

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 34-рэ: 18-р хъыджэбз цІыкІущ, 16-р щІалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 31-рэ: 14-р хъыджэбз цІыкІущ, 17-р щІалэщ.

*Бадзэуэгъуэм* зэрыщІидзэрэ щІыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 98-рэ, илъэсым и пэщІэдзэм щегъэжьауэ 4474-рэ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

ЛъэпкъІуущыгъэ:

## УзыхапІыкІа лІэщІыгъуэ и дамыгъэ къыптонэ.

# Унагъуэхэм зыщІагъакъуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щокІуэкІ Унагъуэм къыщхьэщыжынымрэ абы и хьэкъыр хъумэнымкІэ урысейпсо тхьэмахуэр.**

УРЫСЕЙМ ЮстицэмкІэ и министерствэм къэралым хиубыдэ щІыналъэ псоми щыІэ и къудамэхэм бадзэуэгъуэм и 6 - 12 тхьэмахуэ зэхуакум щригъэкІуэкІынущ Унагъуэм къыщхьэщыжынымрэ абы и хьэкъыр хъумэнымкІэ урысейпсо тхьэмахуэр. Ар егъэщІылІащ илъэс къэс бадзэуэгъуэм и 8-м ягъэлъапІэ Унагъуэм, лъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ я махуэм.

Унагъуэм зыщІэгъэкъуэныр къэрал политикэм и тегъэщІапІэ нэхъыщхьэхэм язщ. Мы тхьэмахуэм къриубыдэу, къэралым епхауи емыпхауи лажьэ юрист ІуэхущІапІэхэм унагъуэм и лъапІэныгъэхэр хъумэным хуэгъэпса зэІущІэхэр щызэхашэнущ, пщІэншэу юристхэм я консультацэхэри ятынущ, унагъуэмрэ сабийхэмрэ зыхуей хуэгъэзэн зэрыхъуейм теухуа дерсхэр ирагъэкІуэкІынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Унагъуэм къыщхьэщыжынымкІэ тхьэмахуэр УФ-м ЮстицэмкІэ и министерствэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм щригъэкІуэкІынущ. КъБР-м щыІэну зэхыхьэхэм Управленэм и интернет хэщІапІэм щыгъуазэ зыщыфщІыфынущ: https://to07.minjust.gov.ru/ru/

Ар къыщывгъуэтынущ «Унагъуэм къыщхьэщыжынымрэ абы и хьэкъыр хъумэнымрэ» Іыхьэм.

**КЪУДЕЙ Іэминэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ, связымрэ цІыхубэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Нюр», «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур» журналхэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм я лэжьакІуэхэр «Нюр» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Сабанчиевэ Аринэ Алий и пхъум** хуогузавэ абы и дэлъху **Сабанчиев Азрэт Алий и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкІыу.

# ГуащIафIэщ Астемыр



**ЦIыху гуащIафIэм, щхьэх зымыщIэм и Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэми увыIэнукъым, сэбэп зэрыхъун Iэмал сытым дежи къилъыхъуэнущ. Псэ къабзагъэрэ гу щабагърэ зыхэлъыр сытми пэлъэщыфыну уи фIэщ ещI апхуэдэхэм.**

ЗИ ГУГЪУ фхуэсщIыну Хьэту Астемыр Налшык къалэ къыщалъхуащ, курыт еджапIэ нэужьым «Центр реабилитации инвалидов и лиц с ограниченными возможностями здоровья» еджапIэр ЕсэнтIыгу къыщиухащ, «делопроизводитель и юрист» IэщIагъэр иIэу. Журналист ныбжьыщIэхэм я дерсхэр Налшык къыщиухащ. И узыншагъэм сэкъат иIэми, щхьэх жыхуэпIэр имыщIэу жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэтщ, и гуащIэ хелъхьэ мы щIалэщIэм.

Астемыр къызжиIахэм сыхуейт фыщызгъэгъуэзэну:

- Мы дунеишхуэм цIыхум нэхърэ нэхъ лъапIэ тету къыщIэкIынкъым. Гугъуехь пэщIэхуам уигурэ уи псэрэ къыбгъэдэкIыу зыщIэбгъэкъуэныр, абы удэIэпыкъуныр псапэщ икIи гуапагъэщ. Си Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэу сыкъалъхуами, зыгуэр къызгурыIуэ зэрыхъурэ, дуней дыкъэзыухъуреихьым тету хъуар фIыуэ солъагъу, псэ зыIути-зыIумыти фIы зэрахуэсщIэным, си къарум къызэрихькIэ сазэрыдэIэпыкъуным сыхущIокъу. «Рука помощи КБР» къызэзгъэпэщащ, си Iуэхухэр къыздэзыIыгъхэм я гъусэу. ДэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ цIыхухэм теухуауэ хъыбар къытIэрагъэхьэмэ, интернетым и Iэмалхэмкiэ хэIущIыIу дощI. «Зэхэшэ шэбэщ» жыхуиIэраци, зэрытхузэфIэкIкIэ цIыхум защIыдогъакъуэ.

КъинэмыщIауэ сыхэтщ, Хэкум и хъумакIуэхэм я унагъуэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщI Алимэ Аллэ зи пашэ гупым. Абыи схузэфIэкI щызощIэ. Дэ махуэ къэс долажьэ, щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къиищынэмыщIа. Налшык ди хэщIапIэр здэщыIэр Лениным и уэрамым тет унэ №53-рщ. Нарткъалэ - Ахъмэтым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №20-м. Мыбы щытхухаха пэшыр Аруан щIыналъэ администрацэм и тхьэмадэ ЛIыжьыкъуэ Хьэзрит къыдитащ.

Iуэхум си гуащIэ хэслъхьащэрэт жызыIэ дэтхэнэ цIыхуми, зыхуэкъулей хьэпшыпхэр кърахьэлIэ, кърашалIэ. Дэ ахэр зыдогъэзахуэ. Ди лIыхъужьхэр зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр Аллэ зрегъащIэри, зауэ губгъуэм ит ди щIалэхэм яхуешэ. Гупым хэтхэр зэрытхузэфIэкIкIэ абы дыдоIэпыкъу. Псапэ тщIарэт жызыIэу къытхыхьэхэри мащIэкъым.

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абы зи щхьэ хэзылъхьахэм я унагъуэхэм ди юристхэр ядоIэпыкъу пщIэншэу. Тхьэмахуэм хуэзэу зы махуэ хэтхауэ дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэр абыхэм я деж къокIуалIэ.

ЦIыхур хуеймэ, хуэмыщIэн щыIэкъым. Мывэр зэпах, пхъэр зэгуах, гъущIыр зэпагъавэ. Сытым щыгъуи фIым ухущIэкъун хуейщ. ЦIыху дыджу дунейм утет хъунукъым. «ЦIыхурцIыху щIыжщ», жаIащ пасэм псэуахэм. Дызэхуэгуапэмэ, дызэхуэгумащIэмэ, зэныбжьэгъугъэ дяку дэлъмэ, псори дызэгурыIуэ-дызэдэIуэжу дыпсэуфынущ.

Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, хъуэпсапIэу сиIэр ди мамыр гъащIэм папщIэ мафIэ лыгъейм хэт ди щIалэхэр хэщI щымыIэу я Iыхьлыхэм къахуэкIуэжынырщ.

«Адыгэ псалъэм» мыри дыщIызгъунут: сыкъеджэф зэрыхъурэ а газетыр къысхуокIуэ. Итхэм сыдихьэхыу соджэ, адыгэ лъэпкъым сызэрыщыщым срипэгэну, сригушхуэну куэд къытыводзэри, сыхуейт фефIэкIуэну, «Адыгэ псалъэм» еджэхэм къахэхъуэну.

**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**

● Махуэгъэпс

# Фадэр зыгъэхьэрэмахэм къыхэлъхьэри...

**1808 - 1892 гъэхэм псэуа инджылыз хьэрычэтыщIэ Кук Томасщ, тхыдэм къызэрыхэнауэ, турист IуэхущIапIэ япэ дыдэу ди планетэм къыщызэIузыхауэ къалъытэр.**

XIX лIэщIыгъуэм икухэм хуэзэу Инджылызым фадэ зи нэрыгъхэм я бжыгъэм куэду щыхэхъуат. Чыристэн диным и зы къудамэ баптист унэтIыныгъэм, зэрытщIэщи, фадэр егъэхьэрэм. А бгъэдыхьэкIэм и телъхьэ хъуахэм Кук Томаси ящыщти, еш жыхуаIэр имыщIэу, а Iуэху мыдахэм цIыхухэр къызэрыбгъэдишыжыным иужь ихьат.

АбыкIэ Iэмал гъуэзэджэу а щIалэм къибжар зыщыщ къэралым турист IэнатIэ къыщызэригъэпэщынырщ. Ар къызэрехъулIэуи, Кук Томас гупышхуэхэр зэщIигъэуIуэурэ иришажьэу къиублащ. КъимыдэкIэ, а Iуэхурщ хьэрычэтыщIэр ди нобэми нэхъыбэу цIэрыIуэ зыщIар.

Зыхуигъэувыжа пщэрылъым зэрыщехъулIэнум иужь ит зэпытти, 1840 гъэм Кук запищIащ езыр къыщалъхуа Дербишир щIыналъэм (Мельбурн къалэ) щаутIыпщагъащIэ гъущI гъуэгур зейхэм. Ахэр здигъэIэпыкъукIэрэ, фадэм защызыдзейхэм я зэгухьэныгъэу къызэригъэпэщам хэтхэр Лафборо къалэ цIыкIум езым щригъэкIуэкIа зэхуэсхэм иришалIэу къиублащ. А гъуэгуанэм техьахэм, иужьым зэрыжаIэжамкIэ, ар абыхэм я дежкIэ гукъинэж дыдэу къыщIэкIащ. Сыту жыпIэмэ, фадэр IэщIыб зыщIахэм ящыщу гъусэ зыкъыхуэзыщIахэм къызэгъэпэщакIуэм гъуэгум гулъытэшхуэ щахуищIат. Уеблэмэ езым и ахъшэ тIэкIумкIэ къахуигъэхьэрычэта гъуэмылэри, гуапагъэ ин пылъу, яхуигуэшат.

1841 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м (Турист IэнатIэхэм я махуэр а далэм щIытрагъэхуари аращ) зи ныбжьыр илъэс 33-м хыхьа Кук Томас Инджылызым ди планетэм щыяпэ дыдэу щызэригъэуIуат турист зекIуэу цIыху куэд дыдэ зыхэтар.

Томас и лъэIукIэ, зыщыщ щIыналъэр адрейхэм япызыщIэ гъущI гъуэгу компанием къахуигъэхьэрычэтащ езым зэщIигъэуIуа цIыху 570-р зэрыришэжьэн вагон зэкIэрыщIахэр. МафIэгуририжащ Инджылызым и курыхым щыIэ Лейстершир графствэм ит Лафборо, Лейстер къалэхэм я зэхуаку дэлъ гъуэгуанэ зэштегъэум.

Иужьым, а хэгъэгум и гъущI гъуэгу зэгухьэныгъэ псоми зэдыщIадзат (я цIэхэр къызэрыхагъэщын Iэмалу зэрыщытыр щызыхащIэм) уасэ нэхъ зэгъ зытражыIыхь зекIуапщIэхэр (билетхэр) Кук Томас и турист IэнатIэм иращэныр. Абы къыхэкIыуи, щIыпIаплъэ ежьэну зи гуращэхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми хэхъуэу хуежьат.

Кук тхылъхэр къыдэгъэкIыным ехьэлIа IэщIагъэми хуэшэрыуэти, «Фадэр IэщIыб зыщIахэм я гъуэгуанэ» зыфIища и журналри къыдигъэкIащ. Абы къыдэкIуэуи, 1847 гъэм къызэригъэпэща «Турист жылагъуэ» зэгухьэныгъэм и цIэкIэ, гъуэгуанэ тхылъ зэгъэпэщахэр ярищэу хуежьащ Инджылызым и мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэми зыщызыплъыхьыну хуейхэми.

БлэкIар зыджыжхэм зэрытрагъащIэмкIи, къэралхэр зэпызыщIэ туризмэр а щIыкIэм тетущ ди планетэм къызэрыщыунэхуар. Псалъэм къыдэкIуэу къэдгъэлъагъуэмэ, 1850 гъэхэм ирихьэлIэу Европэм куэду щыпхашат къалэу итхэм я нэхъыбэр «зэзышалIэ» турист «лъагъуэхэр». «Туризмэм и менеджер» зыфIаща IуэхущIапIэу хэгъэгу зэпэщIэхахэр зэпызыщIэри япэ дыдэу къэзыгупсысауэ щытар Кук Томасщ.

**БЭРАУ Бышэ.**



# Иджы МАХ-ми дыкъыщывгъуэтынущ

Ди газетыр иджы МАХ-ми къыщывгъуэтыфынущ. Апхуэдэ IэмалкIи зэпыщIауэ дызэрыщытынум дыщогуфIыкI. Фэ япэу къэфщIэфынущ щIыналъэ хъыбар нэхъыщхьэхэр, гъэщIэгъуэнхэр.

Ди каналым фыкъыхыхьэкIэрэ, фэ ящыщ фохъу лъахэм къыщекIуэкI Iуэхухэм жыджэру хэт цIыхухэм. Ди каналым Iэ тевдзэну фыхуеймэ, фи телефонхэм я камерэхэр мы QR-кодым тевгъапси, адэкIэ кърыдзэну ссылкэм тефкъуэзэ.

Ди гуапэщ нэхъри гъунэгъуу зэпыщIа дызэрыхъунур!

**КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэмрэ ОВД-м и ветеранхэмрэ хэтащ Дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеранхэм я махуэм теухуауэ екIуэкIа Iуэхухэм.**

# Къуэшыр къуэшым къыщхьэщыжу



ЯПЭЩIЫКIЭ, абы хэтахэр хэкIуэдахэм я фэеплъым пщIэ хуащIу дакъикъэкIэ щымри, «Фэеплъым и МафIэ мыужьых» мемориалым, зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм, зауэлI-интернационалистхэм я фэеплъхэм деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

Iуэхухэм пащэу ЩIалэгъуалэм я унэм щызэхэтащ дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеранхэм я форумыр, «Къуэшыр къуэшым къыщхьэщыжу» зыфIащар.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым къызэхуэсахэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ мыпхуэдэ зэхуэс егъэкIуэкIыныр илъэсым и пэщIэдзэм ветеранхэм щахуэзам къызэрыхалъхьар.

Зы пэшышхуэм щызэхуэсат, я зауэ гъуэгуанэхэр илъэсипщIэкIэрэ зэщхьэщыкIми, Хэкум къулыкъу хуэщIэным зэкъуигъэувэ цIыхухэр. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр, хабзэхэм яхуэпэжыныр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу афган зауэм пхыкIахэм нобэ IэщIалъхьэ щIалэгъуалэм. Фронтым Iутахэр жыджэру хэтщ хэкупсэ гъэсэныгъэм, я зэфIэкIымкIэ нобэ ди Хэкур зыхъумэ щIэблэщIэ ядэгуашэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зауэ Iуэхухэм хэтахэм лIыгъэм и щапхъэ зэкъым къызэрагъэлъэгъуар.

Илъэс тIощIым щIигъу ипэкIэ, 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м, IэщIэкIэ зэщIэузэда щIэпхъаджащIэхэр Налшык къыщытеуам къэхъуа гуауэм тепсэлъыхьащ КъБР-м щыIэ МВД-м и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ, милицэм и полковникыу къулыкъум къыхэкIыжа Пыхъ МуIэед.

АдэкIэ къызэхуэсахэр щыIащ ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэм къызэригъэпэща сурэт гъэлъэгъуэныгъэм. Абы утыку къыщрахьат блэкIа зауэхэм хэтахэм, нобэ къэралыр зыхъумэхэм я сурэтхэр.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**




# ЩIэпхъаджагъэхэр къызэпауд

**Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIа брифингыр теухуат наркотикхэкIхэмрэ Iэщэрэ хабзэншагъэкIэ игъэкIыным пыщIа щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным, апхуэдэу ялэжьахэр къыщIэгъэщыным.**

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэбграгъэхым кIэлъыплъынымкIэ и управленэм и унафэщI, полицэм и подполколвник Къэзэр Аслъэн къызэрыхигъэщащи, дызэрыт 2026 илъэсым хабзэншагъэкIэ ирагъэкIыну зыхэта наркотикхэкIрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэу килограмм 26-м щIигъу къытрахащ, абы пыщIа щIэпхъаджагъэу 180-м нэс къыщIагъэщащ. Къызэпаудащ хамэ къэрал цIыхуи 8-м ялэжь щIэпхъаджагъэр, абыхэм ятеухуа уголовнэ Iуэхухэр судым Iэрагъэхьащ.

Нэгъуэщl хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ящIыгъуу къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым зэхуащIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм наркотикхэкIхэр къызэрырагъэхь Iэмалхэу 10.

Ятхащ зэщIэгъэуIуа гупым ялэжьа щIэпхъаджагъэу 11, ипэкIэ зэгурыIуэу зэрахьахэу 36-рэ. КъБР-м щыIэ МВД-м следствэмрэ дознаниемкIэ и къудамэхэм щIэпхъаджагъэ 226-м теухуа уголовнэ Iуэхухэр судым Iэрагъэхьащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м жыджэру ирегъэкIуэкI наркотикхэр ИнтернеткIэ хабзэншагъэкIэ зэбгрегъэхыным пыщIа Iэмалхэр къызэпыудыным теухуа Iуэхухэр. 2026 гъэм и мази 5-м къыщIагъэщащ наркотикым пыщIауэ хуит ямыщI хъыбархэр зралъхьэ сайтрэ интернет напэкIуэцIу 95-рэ.

Республикэ УНК-м и унафэщIым къыхигъэщащ щIалэгъуалэр наркоманием щыхъумэным теухуауэ ирагъэкIуэкI республикэ акцэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Абыхэм ящыщщ «Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщIэ» жыхуиIэр. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, абы хэтащ школакIуэрэ студенту мини 100-м нэблагъэ, апхуэдэуи адэ-анэу мин 31-м щIигъу.

Iэщэхэр хабзэншагъэкIэ зегъэкIуэным пыщIа щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъунымрэ апхуэдэу ялэжьхэр къыщIэгъэщыным ехьэлIауэ къагъэсэбэп Iэмалхэм журналистхэр щигъэгъуэзащ КъБР-м щыIэ МВД-м Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ полицэм и полковник Къущхьэ Еленэ. Ар зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм икIи жиIащ илъэсыр къызэрихьэрэ хабзэншагъэкIэ Iэщэхэр зегъэкIуэным ехьэлIа щIэпхъаджагъэу КъБР-м и хабзэхъумэ IэнатIэхэм 50 къызэрыщIагъэщар. Судым ягъэхьащ ягъауэ Iэщэу 14 къызэрытрахам теухуа уголовнэ Iуэхухэр.

- Яхъумэ Iэщэр езыхэм зэратым пэкIуэу ахъшэ зэрыратыр Iэмалыфlщ абы и лъэныкъуэкIэ ялэжь хабзэншагъэхэр гъэмэщIэнымкIэ. Къэралым апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм цIыхухэр трегъэгушхуэ, зи фIэфIыныгъэкIэ Iэщэр зытхэм е ар здэщыIэм теухуа хъыбар къезыгъащIэхэм уголовнэ жэуапыр ящхьэщихкIэри,- къыхигъэщащ абы.

УУР-м и унафэщIым и къуэдзэм жиIащ мы гъэм мазитхум къриубыдэу цIыхухэм Iэщэрэ абы и пкъыгъуэхэу 17 зэратар икIи абы пэкIуэу сом 208 920-м щIигъу зэраIэрыхьар.

Брифингым и кIэухым спикерхэм журналистхэм я упщIэхэм жэуапхэр иратащ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

# Лъэпкъ пэхуэщIэхэм я фIыгъэкIэ

**КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм и амбулаторэм и лэжьыгъэр зэрекIуэкIым зыщигъэгъуэзащ.**

IУЭХУЩIАПIЭР «ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ проектым (пэхуэщIэм) хыхьэ «ЦIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат медицинэ IэнатIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» щIыналъэ программэмкIэ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ. IуэхущIапIэм и унащхьэр зэрахъуэкIащ, унэ щIыбыр къагъэщIэрэщIэжащ, инженер коммуникацэхэр, бжэ-щхьэгъубжэхэр щIэкIэ яхъуэжащ, и кIуэцIыр зэрахьащ. КъищынэмыщIауэ, медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр къызэгъэпэщынымкIэ иджырей мардэхэм тету унэм и кIуэцIыр щIэрыщIэу яубзыхужащ.

Иджыпсту амбулаторэр жыпхъэщIэм тету мэлажьэ. IэщIагъэлIхэм сымаджэхэм абыхэм диагностикэ щащI, щеIэзэ пэшхэр унэлъащIэхэмрэ IэмэпсымэхэмкIэ ирикъуу къызэгъэпэщащ. IуэхущIапIэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэт цIыху 3000-м щIигъум, абыхэм ящыщу 663-р сабийщ.

Министрым жиIащ къуажэхэм япэ медико-санитар дэIэпыкъуныгъэхэр щегъэфIэкIуэнымкIэ IэнатIэхэм щрагъэкIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр икIи къыхигъэщащ 2028 гъэм и кIэух пщIондэ лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ узыншагъэр хъумэнымкIэ объекту 3 зэрыщаухуэнур, 2 зэрыщызэрагъэпэщыжынур.

Апхуэдэу Къалэбатэ Рустам зригъэлъэгъуащ Прохладнэ къалэм дэт сабий поликлиникэм щрагъэкIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэхэр. УхуакIуэхэмрэ медицинэ IэщIагъэлIхэмрэ епсэлъа нэужь, абы пщэрылъ ящищIащ лэжьыгъэр и чэзум зэраухыным хущIэкъуну, ар зэрагъэзащIэм и фIагъым тkIийуэ кIэлъыплъыну, IуэхущIапIэм къекIуэлIэну сабийхэмрэ адэ-анэхэмрэ я тыншыпIэм хуэщIауэ и кIуэцIыр яубзыхуну.



Мы зэманым поликлиникэм и унащхьэр зэрахъуэкI. АдэкIэ щхьэгъубжэхэр, инженер коммуникацэхэр хъуэжыныр, унэм и щIыбри, и кIуэцIри зыхуей хуэгъэзэжыныр къапэщылъщ.

Амбулаторэм и инагъыр метр зэбгъузэнатIэу минитIым ноблагъэ. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэ социальнэ IэнатIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, илъэс къэс мыбы сабий мин 23-м нэблагъэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэр щагъуэт.

Поликлиникэм зэгъэпэщыжыныгъэхэр щекIуэкIыхукIэ, абы егъэщIылIахэм зыхуэныкъуэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэнущ Прохладнэ район сымаджэщым. Лэжьыгъэр 2028 гъэм и кIэм ирихьэлIэу нагъэсыну я мурадщ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

● Урысейпсо жармыкIэ

# ЗэбгрыкIыжащ ящIэнур яубзыхуауэ

**Ди республикэм иджыблагъэ щекIуэкIащ цIыхухэр лэжьапIэ гъэувынымкIэ урысейпсо жармыкIэм и федеральнэ Iыхьэр**.

ХЬЭТIОХЪУЩОКЪУЭМ и жыг хадэм и ихьэпIэм деж къыщызэрагъэпэща Iуэху иныр лIыхъужьхэм ятегъэщIауэ щытащ. КъБР-м и Правительствэм, Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ министерствэм, КъБР-м и кадр центрхэм зэгъусэу зэхаша Iуэхур лэжьапIэ зытхэмрэ IэнатIэ къэзылъыхъуэхэмрэ я зэпсэлъапIэ утыку ин хъуат.

ЖармыкIэм социальнэ унэтIыныгъэ иIащ, къызэгъэпэщакIуэхэм нэхъ зытрагъэщIар IуэхущIапIэхэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлI къахуэгъуэтынракъым, атIэ къэралым и дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ цIыхухэм лэжьапIэ яIэнырщ. Япэ ирагъэщар, дауи, хэкум и хъумакIуэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэщ. Зауэм и ветеранхэм, дзэ Iуэху хэхам хэтахэм, хэкIуэда лIыхъужьхэм я унагъуэхэм щыщхэм гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ. Абыхэм папщIэ чэнджэщакIуэ гуп лэжьащ. Ветеранхэм я узыншагъэм и щытыкIэм елъытауэ лэжьыгъэ къыхуалъыхъуэм и мызакъуэу, лэжьапIэ щыувкIэ, къыкъуэкI лъэпощхьэпохэр къызэнэкIынымкIи щIэгъэкъуэн хъуащ жармыкIэм щылэжьа IэщIагъэлIхэр.

КъищынэмыщIауэ, дзэ Iуэху хэхам щыIа щIалэщIэхэр здэувынур хуагъэлъагъуэ къудей мыхъуу, зыщиужьын, IэнатIэкIэ щыдэкIуэтеин IуэхущIапIэхэр къыхухахырт, зэгъусэу зэпкърахырт, крикIуэнкIэ хъуну ехъулIэныгъэхэр яубзыхурт. АбыкIэ сэбэп хъуащ жармыкIэм и утыку щхьэхуэхэмрэ зэпсэлъэныгъэ зэIухамрэ.

Программэр Iуэхугъуэ куэду зэхэтащ: республикэм и завод пажэхэм, агропромышленнэ холдингхэм, IT-компаниехэм «микрофон зэIуха» жыпхъэм иту ягъэлъэгъуащ я производствэм и лъэщагъхэр, лэжьыпхъэхэр, социальнэ пакетхэр, корпоратив бонусхэр; юристхэмрэ лэжьыгъэ хуитыныгъэмкIэ IэщIагъэлIхэмрэ мастер-класс зыбжанэ ирагъэкIуэкIащ, Iуэхум епха къэрал хабзэхэм я иужьрей зэхъуэкIыныгъэхэм яхутепсэлъыхьащ, контракт системэм и купщIэр, хуэгъэкIуатэ зиIэ цIыхухэм папщIэ къэрал дэIэпыкъуныгъэу щыIэхэр гурагъэIуащ.

Апхуэдэуи утыку щхьэхуэ щыIащ IэщIагъэхэм ухэзышэ Iуэхугъуэхэр щекIуэкIыу. Псалъэ къудей мыхъуу, абдеж зи щIалэгъуэхэми нэхъыжьхэми гъущI зэпызыгъавэм къыщыщIэдзауэ агрономым нэс Iуэхум пэрыту фIэкIа умыщIэу IэщIагъэхэр «зрагъэпщэну» Iэмал яIащ.

Махуэ псом утыкум щылэжьащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и социальнэ координаторхэр. Абыхэм цIыхухэм IэнатIэ къыхуалъыхъуам и закъуэкъым, атIэ къызэхуэсахэм гурагъэIуащ я щIэныгъэм щыхагъахъуэ курсхэм кIуэну, IэщIагъэ щрагъэгъуэт программэхэм хэтыну, бжыгъэр зи лъабжьэ IэнатIэхэм пщIэншэу хуеджэну Iэмал зэрыщыIэр.

Лэжьыгъэм крикIуахэр къыщипщытэжым, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Бетыгъуэн Заур къыхигъэщхьэхукIащ жармыкIэм крихьэлIахэм тхылъымпIэ Iэтэ яIыгъыу зэбгрыкIыж мыхъуу, пщэдей щыщIэдзауэ ящIэнур яубзыхуауэ кIуэжыным мыхьэнэ зэриIэр. ЩIалэхэм псори гурагъаIуэурэ езыхэм нэхъ ягу ирихьа IэнатIэм и унафэщIым ирагъэцIыхуащ. «Гу лъыттащ жармыкIэм крихьэлIахэм ящыщ куэдыр я пщэдейм щымышынэжу, нэхъ тегушхуауэ зэрызэбгрыкIыжам. ХэкIуэдахэм я унагъуэхэри гулъытэншэу къэдгъэнакъым, абыхэми лэжьапIэ яIэнущ. Дэтхэнэ лIыхъужьми и унагъуэм удэIэпыкъуныр абы и фэеплъыр хъумэнырщ къикIыр», - жиIащ Заур.

Налшык щекIуэкIа жармыкIэмрэ абы цIыхуу къыщызэхуэсамрэ наIуэ къищIащ мы Iуэхур зэрыщхьэпэр. КъызэгъэпэщакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, лэжьыгъэр абдеж щиухыркъым, апхуэдэ зэIущIэхэр щIэх-щIэхыурэ екIуэкIынущ.

**IЭРЫС Iэсият.**



● УФСБ-м къет

# Мэзыр ихъумэным и пIэкIэ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ КъБР-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм и къудамэ «Къэбэрдей-Балъкъэр мэзхэмрэ ахэр хъумэнымрэ» къэрал бюджет IуэхущIапIэм и лэжьакIуэм зэрихьа хабзэншагъэр.**

КЪЫЗЭРЫЩIАГЪЭЩАМКIЭ, ар пыщIащ хабзэм ебакъуэу ираупщIыкIа жыгыфIхэр игъэкIынымкIэ тхылъ нэпцIхэр зэригъэхьэзырам. Абы крикIуащ хэщIыныгъэу сом мелуан 1,6-м щIигъу.

Урысейм и СК-м и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм япкъ иту. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 10-м нэскIэ ягъэтIыс.

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, бадзэуэгъуэм и 6

**1**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 22.55** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МИНУТА ТИШИНЫ» (16+)
**00.05** «Время героев» (16+)
**01.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ГАЛКА» (16+)
**00.35** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**03.10** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

**НТВ**

**04.45, 08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** Т/с «БИМ» (16+)
**16.45** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**22.15** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**00.40** «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
**01.15** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**03.00** Т/с «ВОЛК» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.50** Х/ф «НЕВЫПОЛНИМОЕ ЗАДАНИЕ» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15, 13.25** Т/с «МОРСКОЙ ПАТРУЛЬ» (16+)
**13.55, 15.05, 17.15** Т/с «МОРСКОЙ ПАТРУЛЬ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**22.05** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
**00.25** Х/ф «ДЕНЬ СЧАСТЬЯ» (16+)
**02.10** «Перелом. Хроника Победы». Д/с (16+)
**02.40** Т/с «МОРСКОЙ ПАТРУЛЬ» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** Царица небесная. Владимирская икона Божией Матери
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35** Х/ф «ПРЕКРАСНАЯ ЕЛЕНА» (16+)
**09.00** Д/с «Забытое ремесло»
**09.15** Диалоги о животных
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Неизвестные маршруты России
**10.55** Х/ф «РАСМУС-БРОДЯГА» (16+)
**12.05** Д/с «Запечатленное время»
**12.45** Д/с «Твердыни земли русской»
**13.35** Линия жизни
**14.30** Х/ф «БЕЗ ПРАВА НА ПОЩАДУ» (16+)
**16.40** Кристальные истории
**17.15** Д/с «Первые в мире»
**17.30** Неделя камерной музыки
**18.15** Д/ф «Всюду деньги, господа!»
**18.45** Х/ф «АЛИСА КООНЕН» (16+)
**19.45** Библейский сюжет
**20.15** Спокойной ночи, малыши!
**20.30** Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
**22.05** «Берег утопии» Тома Стоппарда. Спектакль Российского академического молодежного театра. Постановка Алексея Бородина. Запись 2010 года
**00.35** Д/ф «Создатель пирамид - великий Имхотеп»
**01.30** Неделя камерной музыки
**02.10** Неизвестные маршруты России

**МАТЧ!**

**06.00** Смешанные единоборства. Н. Крылов - М. Букаускас. UFC. Трансляция из США (16+)
**07.00, 12.55, 17.50** Новости
**07.05, 17.55, 20.45, 00.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.30** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/8 финала. Трансляция из США (6+)
**11.45** Улетный футбол. Прямая трансляция
**12.35** Футбол. Чемпионат мира-2026. Обзор (6+)
**13.00** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/8 финала. Трансляция из Мексики (6+)
**15.15** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/8 финала. Трансляция из США (6+)
**17.30** Футбол. Чемпионат мира-2026. Обзор (6+)
**18.30** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/8 финала. Трансляция из Мексики (6+)
**21.30** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/8 финала. Прямая трансляция из США
**01.05** Автоспорт. Дрифт. RDS GP. Трансляция из Нижнего Новгорода (6+)
**02.10** Легкая атлетика. Бриллиантовая лига. Трансляция из США (6+)
**04.00** Спортивная гимнастика. Чемпионат России. Трансляция из Калуги (6+)

## Гъубж, бадзэуэгъуэм и 7

**1**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 22.55** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МИНУТА ТИШИНЫ» (16+)
**00.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ГАЛКА» (16+)
**00.35** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**03.10** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

**НТВ**

**04.45, 08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** Т/с «БИМ» (16+)
**16.45** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**22.15** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**00.40** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**02.30** Т/с «ВОЛК» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**06.00, 09.15** Т/с «МОРСКОЙ ПАТРУЛЬ» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**11.00, 13.25** Т/с «МОРСКОЙ ПАТРУЛЬ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.05, 17.15** Т/с «МОРСКОЙ ПАТРУЛЬ» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Улика из прошлого» (16+)
**22.05** Т/с «КАМЕНСКАЯ» (16+)
**00.20** Х/ф «ЗИМНИЙ ВЕЧЕР В ГАГРАХ» (16+)
**02.00** Х/ф «ДЕНЬ СЧАСТЬЯ» (16+)
**03.35** «Перелом. Хроника Победы». Д/с (16+)
**04.05** Т/с «МОРСКОЙ ПАТРУЛЬ» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** Пешком...
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35** Х/ф «ЦЫГАНСКИЙ БАРОН» (16+)
**09.00** Д/с «Забытое ремесло»
**09.15** Диалоги о животных
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Неизвестные маршруты России
**10.55** Х/ф «РАСМУС-БРОДЯГА» (16+)
**12.15** Д/с «Первые в мире»
**12.45** Д/ф «Создатель пирамид - великий Имхотеп»
**13.40** Д/ф «Замечательный век моей жизни. Вячеслав Бровкин»
**14.25** Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
**16.00** Д/с «Забытое ремесло»
**16.15** Отсекая лишнее
**17.15** Д/с «Первые в мире»
**17.30** Неделя камерной музыки
**18.15** Д/ф «Всюду деньги, господа!»
**18.45** Д/ф «Замечательный век моей жизни. Вячеслав Бровкин»
**19.45** Библейский сюжет
**20.15** Спокойной ночи, малыши!
**20.30** Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
**22.05** «Берег утопии» Тома Стоппарда. Спектакль Российского академического молодежного театра. Постановка Алексея Бородина. Запись 2010 года
**00.20** Д/ф «Создатель пирамид - великий Имхотеп»
**01.15** Неделя камерной музыки
**02.00** Неизвестные маршруты России
**02.40** Д/с «Забытое ремесло»

**МАТЧ!**

**06.00** Смешанные единоборства. Б. Морено - Л. Кавана. UFC. Трансляция из Мексики (16+)
**07.00, 12.55, 17.50** Новости
**07.05, 17.55, 21.05, 01.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.30** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/8 финала. Трансляция из США (6+)
**11.45** Улетный футбол. Прямая трансляция
**12.35** Футбол. Чемпионат мира-2026. Обзор (6+)
**13.00** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/8 финала. Трансляция из США (6+)
**15.15** Футбол. Чемпионат мира-2026. 1/8 финала. Трансляция из США (6+)
**8.30 – 8.50** «ЗытемыкI хабзэ». Къуныжь Алим (адыгэбзэкIэ)
**8.50 - 9.00** «Къызэрыфэ пшыналъэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** Окуджавэ Булат. «Пщэдджыжьым плъыфэ мыгурыIуэгъуэкIэ дунейр зэщIилащ» Iуэтэжыр (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Къуршхэм фрагъэблагъэ». Литературэ-макъамэ композицэ (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Шэрджэс дуней» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Ууаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Бжэ телъыджэ» (урысыбзэкIэ)

**Щэбэт, бадзэуэгъуэм и 11**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** «БлэкIам узышэж лъагъуэ цIыкIу». ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, бадзэуэгъуэм и 12**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 11.00** Нало Заур. «Исмел и кхъухь нықъуэщIыр» радиопостановкэр (адыгэбзэкIэ)
**11.10 - 12.00** Театрыр микрофоным Iутщ. Маммеев Ибрэхьим. «Нарт Уэзырмэдж» радиоспектаклыр (балъкъэрыбзэкIэ)

# «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, бадзэуэгъуэм и 6**

**7.08, 7.36, 8.08, 8.36** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** Псыгуэнсу къуажэ дэт щэнхабзэмкIэ унэр (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Мэзло Руслан допсалъэ (12+)
**17.30** Сабийхэм телефоныр куэдыIуэрэ зэраIыгъым къишэ зэраныгъэм теухуауэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, бадзэуэгъуэм и 7**

**7.06, 7.36, 8.06, 8.36** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** Бзэм теухуа щIэныгъэ лэжьыгъэхэр. Профессор Геляев А.
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Мэз Каринэ теухуауэ (12+)
**17.40** Зеикъуэ къуажэм и цIэр къызытекIам теухуа тхыдэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, бадзэуэгъуэм и 8**

**7.06, 7.36, 8.06, 8.36** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** КъБР-м и щIыналъэм мэлхьэпIатIэхэр щикуэдыгъуэ зэман (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыныгъэм и махуэ
**17.30** Адыгэ пшынэм теухуауэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, бадзэуэгъуэм и 9**

**7.06, 7.36, 8.06, 8.36** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** Жэнхъуэтекъуэ къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ унэр (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** КъБР-м узыншагъэр хъумэным зэрызыщиужьым теухуауэ
**17.30** Балъкъэр гущэхэр (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, бадзэуэгъуэм и 10**

**7.06, 7.36, 8.06, 8.36** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Узыншагъэ» лъэпкъ проектыр. Къубэ-Тэбэ къуажэр (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, бадзэуэгъуэм и 11**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ирихьэлIэу (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, бадзэуэгъуэм и 12**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр
**8.20** Дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

# «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, бадзэуэгъуэм и 6**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, бадзэуэгъуэм и 7**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, бадзэуэгъуэм и 8**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (I2+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, бадзэуэгъуэм и 9**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, бадзэуэгъуэм и 10**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, бадзэуэгъуэм и 11**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, бадзэуэгъуэм и 12**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр»

# ГъащIэм и зыужьыкIэмрэ бзэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэмрэ

**Бзэр зызыужь, зызыхъуэж къэхъугъэщ. Iуэхугъуэ хьэлэмэт куэду зэхэлъ а щIэныгъэм XIX лIэщIыгъуэм къыщыунэхуа унэтIыныгъэщ компаративистикэр. Зэгъэпщэныгъэ Iэмалыр и тегъэщIапIэу, бзэхэм я макъхэмрэ бзэхабзэхэмрэ къэзыхутэ икIи зыдж щIэныгъэм зыужьыныгъэ щигъуэтащ кавказыбзэхэм, нэхъ пыухыкIауэ жыпIэмэ, абхъаз-адыгэ бзэ гупми. А унэтIыныгъэм теухуа къэхутэныгъэ хьэлэмэтщ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и магистрант ЛIыгуащIэ Зарянэ и къалэмыпэм къыщIэкIар.**

ЩIэныгъэ



«БЗЭМ и къежьэкIа, зэфIэувэкIам ехьэлIауэ XVIII лIэщIыгъуэм щIэныгъэ къэхутэныгъэ егъэкIуэкIыпхъэхэр езы бзэм и закъуэкIэ зэфIэмыкIыну зэрыщытыр куэдым къагурыIуэрт икIи щIэныгъэ зэпылъыпIэхэм деж щаубзыхуну иужь щихьаи щыIэщ. Нэхъ иужьыIуэу апхуэдэ гуп, щIэныгъэ зэхуэмыдэхэм елэжьу, зы щызэрыгъэхъуам и щапхъэщ Гарвард университетым этологиемкIэ и лабораторием и унафэщI Хаузер Марк, а университетым эволюционнэ биологиемкIэ и кафедрэм и лэжьакIуэ Фитч Уильям Текумсе, Массачусетс университетым и лэжьакIуэ, бзэщIэныгъэлI Хомский Ноам сымэ я зэгухьэныгъэр. Абыхэм къаIэта псалъэмакъым щIэныгъэлI цIэрыIуэ куэд къыпэджэжат, бзэщIэныгъэлIу, психологыу, биологыу, антропологыу, нейрофизиологыу. Апхуэдэт, псалъэм папщIэ, америкэн бзэщIэныгъэлI Джакендофф Рейрэ канадо-америкэн экспериментальнэ психолог, психолингвистик Пинкер Стивенрэ. «XX лIэщIыгъуэм глоттогенезым акъылкIэ ебгъэрыкIуауэ жыпIэ хъунумэ, XXI лIэщIыгъуэм глоттогенезым и щэхухэр нахуэ къэхъуным ещхьщ», - етх Урысей щIэныгъэ академием бзэщIэныгъэмкIэ и Институтым и щIэныгъэрылажьэ нэхъыжь Барулин Александр. ЩIэныгъэлIым къызэрилъытэмкIэ, зи гугъу тщIа зэдауэ-зэхэгъэкIыпIэ ди къэралым зэрыщемыкIуэкIыр, уеблэмэ, абы теухуа зы щIэныгъэ статьяи къызэрытемыхуэр и щыхьэтщ дэ иджыри зы лIэщIыгъуэрэ ныкъуэкIэ зы дапхъэм дытенауэ дызэрыщытым.

БзэщIэныгъэлI цIэрыIуэ Бурлак Светланэ зэритхымкIэ, «Бзэ компаративистикэм и къалэн нэхъыщхьэр - сыт хуэдэ зэщхьыныгъэхэм бзэхэр зэрызэблагъэр къагъэлъагъуэми, сыт хуэдэхэр нэгъуэщIыбзэхэм къыхахами е ауэ зэрымыщIэкIэ зэтехуауэ щытми зэхэгъэкIынырщ». ЗэрымыщIэкIэ зэтехуахэр зэхэбгъэкIыныр псом нэхърэ нэхъ тыншщ, абыхэм мащIэ дыдэущ узэрырихьэлIэр. Ауэ, цIыхум щапхъэ зэтехуэ куэд къигъуэтауэ къыщыщыхъу щыIэщ, ахэр, иужькIэ къызэрыщIэкIымкIэ, зэрымыщIэу зэтехуа къудейщ. ЗэрымыщIэкIэ зэтехуамрэ зэрызэблагъэр къэзыгъэлъагъуэхэмрэ щызэхэбгъэкIкIэ, ар системэу зэрыщымытым гу лъытапхъэщ, бзэхэм бзэжьым къыщIэна щапхъэхэр хэту щытмэ, ахэр зэрызэщхьыр системэ гуэрым тетын хуейщ.

Иджырей къэбэрдей-шэрджэс, адыгей алфавитхэм я лъабжьэр зыгъэтIылъар урыс бзэщIэныгъэлI цIэрыIуэ, Мэзкуу и фонологие школым и зэхэублакIуэ Яковлев Николайщ. Абхъаз-адыгэ бзэ гупым хиубыдэ бзэхэм я псалъэхэм щхьэкIэ Яковлевым етх «ахэр псалъэ лъабжьэ къызэрыгуэкI зэIухауэ щытауэ (макъ дэкIуашэ + макъзешэ)». Иджырей къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и псалъэ лъабжьэм пасэм иIа теплъэр убзыхунымкIэ зи гугъу тщIа еплъыкIэр щIэныгъэлIым и къэхутэныгъэхэм лъабжьэ хуэхъуащ. Абы и Iуэху еплъыкIэмкIэ, «лъабжьэхэм адэкIэ зыужьыныгъэ ягъуэтыркъым икIи къызытехъукI псалъэпкъхэмрэ аффиксхэмрэ къызэрыкIуэ псалъэ лъабжьэм пыувэныр адыгэбзэм хьэл щыхуэхъуар нэхъ иужьыIуэкIэщ». Яковлевым и еплъыкIэм техуэркъым Рогавэ Георгий ейр.

«Псалъэ лъабжьэ зэIухам сыт щыгъуи префикс и гъусащ, абы и грамматикэ классыр къигъэлъагъуэу», - етх щIэныгъэлIым. Нэхъ иужьу адыгэ псалъэ лъабжьэхэм я теплъэм теухуауэ нэгъуэщI щIэныгъэ лэжьыгъэхэр дунейм къытохьэ. Къумахуэ Мухьэдин зэригугъэмкIэ, «адыгэбзэм нэхъ пасэм иIар зы псалъэ лъабжьэ теплъэ къудейуэ къэплъытэ хъунукъым икIи ахэр я къэхъукIэ елъытакIэ зы лIэщIыгъуэм хуэпхьыфынукъым».

Инджылызыбзэм е урысыбзэм еплъытмэ, адыгэбзэм сытым дежи щIэжьыуэ зи гугъу тщIыр къыупсэлъыну узыхуей макъым иужь итщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ - постпозиционнэ. БзэщIэныгъэлIхэр абы «огласовкэкIэ» йоджэ: бы – бэ; вы – вэ; гуы – гуэ; гъы – гъэ; гъуы – гъуэ... Макъзешэ [ы]-кIэ щиухым деж, макъ дэкIуашэхэм унафэ наклоненэм и мыхьэнэ ягъуэту щытмэ, [э]-кIэ щиухым деж, глагол мыхьэнэм имызакъуэу щыIэцIэ, плъыфэцIэ, бжыгъэцIэ мыхьэнэхэри къигъэлъагъуэ мэхъу.

Морфемэ зэхэлъхэмрэ къызэрыкIуэхэмрэ зэгъусэу бзэм къыщыхэхъукIауэ Къумахуэм къелъытэ, ауэ апхуэдэ Iуэху щытыкIэр тэмэму ибжыркъым Иуаныкъуэ Нурбий. ЩIэныгъэлIым щIыпIэцIэу, цIыхуцIэу, псыхэм я фIэщыгъэу хыщIым щIигъу къызэпкърех, абыхэм нэхъапэIуэм и этимологиер яубзыхуну иужь имыхьа нарт лIыхъужьхэм я цIэхэри, Iэщэхэм, фащэхэм зэреджэхэри хэтщ. Абы ипэ щымыIауэ, адрей къэхутэныгъэхэм къащхьэщыкIыу, Иуаныкъуэм еплъыкIэ гъэщIэгъуэнхэр зэриIэм гу лъумытэу къанэркъым.

Къумахуэ Мухьэдин къызэрилъытэмкIэ, «макъ дэкIуашэ зыбжанэрэ зы макъзешэу зэхэт къызэрыгуэкI псалъэхэр зы лъэхъэнэм къэхъуауэ убж хъунукъым, апхуэдэщ псэ, плъэ, бгы, плIы, абыхэм ещхь щапхъэхэр, ахэр зы псалъэ лъабжьэ къудейуэ къыщIэкIынущ», - етх абы. ДызэреплъымкIэ, дэтхэнэ зы макъми пыухыкIауэ купщIэ бгъэдэлъщ икIи консонантнэ Iуэхугъуэр зэпхауэ къалъытэр а макъхэм зэрахьэ мыхьэнэрщ, лъабжьэр къыщыхэхъукIа лъэхъэнэм зыкIи епхакъым.

Урыс Хьэталий и «Адыгэбзэхэм я морфонемикэ» лэжьыгъэм иджырей къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ адыгеибзэмрэ я псалъэ къэгъэщIыкIэхэр кууэ щызэпкърихым, -лъэ- лъабжьэм деж лъагъун псалъэмрэ плъэн псалъэмрэ къыщехь, ауэ дэтхэнэр нэхъ пэжу къэлъытэн хуейми, къигъэлъагъуэркъым. Щапхъэхэм деж зэрыщытлъагъущи, лъабжьэ морфемэм и къыхэгъэкIыкIэм теухуауэ зы еплъыкIэ пыухыкIа щыIэкъым. Псалъэ лъабжьэ -плъ-р зыуэ къэплъытэ зэрымыхъунур езы бзэм хэт щапхъэхэм ядэркъым: слъагъун щхьэкIэ, сыплъэн хуейщ. Зы лъабжьэ морфемэу ябжым япэ ит макъ дэкIуашэр тыншу зэрыпыкIым дегъэлъагъу консонантнэ гупыр зэхэжыхьыпауэ зэрыщымытыр. Абы къищынэмыщIауэ, иджыри зы Iуэхугъуэм гу лъытэн хуейщ: макъзешэ хэтхэми захъуэж [э]-ри [ы]-ри зи гугъу тщIы щапхъэхэм пызагъэркъым. Хронологие и лъэныкъуэкIэ я гугъу пщIыну щытми, лъэхъэнэр пхузэхэгъэкIынукъым -плъы-рарэ -лъэ-рарэ япэ къэхъуар.

Логикэ къудей мыхъуу, щIэныгъэ зэпылъыпIэхэм деж макъхэм яIэнкIэ хъуну купщIэр зэрызэхэдгъэкIымкIэ ди къэхутэныгъэр адрей щыIахэм къащхьэщокI. НэгъуэщIу жыпIэмэ, цIыхур уэщIым щыщщ, апхуэдэу щыщыткIэ, ар уэщIым щызекIуэ хабзэхэм икIыфынукъым, атIэ абы тетыпхъэщ. Дэ дызэреплъымкIэ, бзэм деж къыщыщIэдзауэ дунейм щиухыжу щыIэ псори «фрактальность» терминым къызэщIеубыдэ – зэщхьыгъуэ, сыт ищIысри я теплъэкIэ зэмыщхьу щытми, абыхэм я кIуэцIкIэ къыщыхъу псори зэхуэдэщ. Мыдрейуэ, ди къэхутэныгъэм къызэригъэлъэгъуащи, щапхъэхэр къэдгъэсэбэпурэ макъ щхьэхуэхэм купщIэ хэха яIэнкIэ зэрыхъунур дубзыхуащ. Макъ щхьэхуэм псалъэщIэ къыщигъэхъуфкIэ, ар зыгуэрым щIымыгъуу псалъэ къэзыгъэхъу префиксу къэлъытэн хуейщ.

Зы бзэм псалъэ хихыу адрейм къищтэныр, франджы бзэщIэныгъэлI Мейе Антуан зэритхымкIэ, «сыт хуэдэу щымытами, бзэм зыщиубгъур ар зейм пщIэ хуащIу культурэшхуэ хэлъу щытмэщ. Языныкъуэхэм деж бзэм зиукъуэдииныр епхащ зым и культурэр адрейм ейм ебэкI щыхъум: апхуэдэу ионийско-аттическое койнем адрей алыдж псэлъэкIэхэр щIихъумащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар зезыхьэхэр эллин цивилизацэшхуэм щыщт».

АтIэ франджы бзэщIэныгъэлIым и псалъэхэм къапкърыкIыу дэри упщIэ догъэув: «Сыт хуэдэу адыгэхэр зэхъуэпсэн культурэ лъэщ зэрахьэу щыта, Iуэхугъуэ пыухыкIа гуэрым емыпхауэ щыт псалъэхэр и бзэм хигъэхьэн щхьэкIэ?» ГурыIуэгъуэщ, щэн-щэхуным е диным ехьэлIа псалъэхэм ятеухуауэ, апхуэдэ Iуэхугъуэхэр яIакъым, абы къыхэкIыу абыхэм епха псалъэхэр къащтауэ жыпIэ хъунущ. Дэ зи гугъу тщIыр абстрактнэ гурыIуэгъуэ жыхуаIэхэмрэ шхыныгъуэхэмрэщ, псалъэм папщIэ, акъыл, хьилым, хьэзыр, къамэ, къан, дагъэ, хьэлу, н. Газет статьяр щIэныгъэ лэжьыгъэу щыщымыткIэ, нэхъ кIэщI зытщIынщи, псалъэм папщIэ, акъыл псалъэр хьэрыпыбзэу (Шагъыр Iэмин), иныкъуэхэм – персыбзэу, тюркыбзэхэм къыхэтхыжауэ къалъытэ щхьэкIэ, зыми ар адыгэбзэм къызэрыхыхьа щIыкIэр е щхьэусыгъуэр иубзыхуркъым. Адыгэхэм акъыл димыIауэ ара? ЦIыхубэ этимологхэм абы къыпэхъу псалъэу «гупсысэр» къащтэ щхьэкIэ, щыуагъэщ. Акъылыр щхьэм щыIэ нэрынэхэрщ къызыпкърыкIыр, гупсысэр – гум. Е нэгъуэщI зы щапхъэ иджыри къэтщтэнщ – къан. ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа франджы щIэныгъэлIым и псалъэхэр дигу къэдгъэкIыжынщи, хьэпшыпым емыпха псалъэ лъэпкъым и бзэм хигъэхьэн щхьэкIэ, ар къэзыщтэ лъэпкъыр адрейм и культурэм итхьэкъуауэ щытын хуейщ. Хьэрып е тырку щэнхабзэм итхьэкъуа хъуарэ «акъыл» псалъэр адыгэм къиштамэ, сыт а псалъэ дыдэр ди бзэ лъэпкъэгъухэми нэмыщI адрей кавказыбзэхэми щIыхэтыр? Апхуэдиз бзэм дауэ зэдэууэ псалъэр къызэращтар? Хьэрыпхэм я гугъу тхыдэм япэу къыщыхэщыр ди эрэм ипэкIэ IX-V лIэщIыгъуэхэрщ, абхъаз-адыгэ бзэ гупым, кавказыбзэхэр псори къэдмыщтэми, хуэгъэфэщауэ зэхэкIыу щIадзащ ди эрэм ипэкIэ V лIэщIыгъуэхэм. Зэпэщхьэхуэ хъуа бзэхэм нэгъуэщIыбзэм щыщ псалъэ зэуэ къащтэн хуей зэрыхъуам и щхьэусыгъуэр сыт?»

Бзэхэм яхэлъ хабзэ зэщхьхэмрэ ябгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэмрэ хьэлэмэту къызэпкърызыхщ щыгъуазэ фызыхуэтщIа магистр къэхутэныгъэр. Лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу, купщIафIэу гъэзэщIа хъуащ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и пашэ, доцент Къардэн Мусэдин и нэIэм щIэту. Дауи, сыт хуэдиз ехъулIэныгъэ глоттогенезым иIэу щымытми, жэуап зэтыпхъэу иджыри куэд щыIэщ. Къардэным зэрыжиIэмкIэ, компаравистикэмкIэ къэхутэныгъэхэр щыбгъэт е Iуэху еплъыкIэ гуэрым укъытенэ зэрымыхъунур гурыIуэгъуэщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# БлэкIа жыжьэм и фэеплъхэр

**Языныкъуэ жыг лIэужьыгъуэхэр цIыхум нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэрэ мэпсэу. Ауэ куэдым ящIэу пIэрэ цивилизацэ зыбжанэм я къэунэхугъуэмрэ кIуэдыжыгъуэмрэ зи «нэгу щIэкIа», илъэс мин бжыгъэ зи ныбжь жыгыжьхэр нобэм къызэрысар?!**

НОБЭКIЭ ботаникэм ещIэ зы ныбжьыр илъэс миным щхьэдэха жыг 50! ЦIыхум и лъэр тыншу здынимыхьэсыф, къэпщытэныгъэхэр щебгъэкIуэкIынкIэ гугъу щIыпIэхэм щокI ахэр. Арауэ къыщIэкIынущ ди зэманым къыщIэсари, ...

А жыг 50-м нэхъыжь дыдэу яхэтыр Калифорнием и къуэкIыпIэмкIэ щыIэ Инио мэзым илъэс мини 5-м щIигъуауэ щыкI Мафусаил псейрщ. Ар жыгыу щыIэм я нэхъыжьу зэрыщытыр къыщахутар 1957 гъэрщ. Америкэм и къухьэпIэ щIыналъэхэм я климатыр зыдж Шульман Эдмунд къигъуэтауэ щытащ. ЩIэныгъэлIыр зэрымыщIэкIэ зрихьэлIа жыгым илъэс 4723-рэ и ныбжьу къибжат. Дауи, ар къызэрызэтенам и щэхур къатIэщIыну хуейуэ, ботаникхэм яджын щIадзат псейр. КъызэрыщIэкIамкIи, абы лIэужьыгъуэм и банэхэр илъэс 20-30-кIэ мэпсэу, пымыгъукIыжу. Ауэ щыхъукIэ, псейм илъэс 30-кIэ зигъэпсэхуну, и къару ихъумэжу «жеину» Iэмал иIэщ. А зэманым къриубыдэу банэ щхъуантIэхэм фотосинтезыр зэпымычу ирагъэкIуэкI, ягъэбауэ. Жыгым дыркъуэ гуэр игъуэтамэ, ар зылъыса щIыпIэр гуогъукIри, поху, узыр псейм и «Iэпкълъэпкъым» иримыгъэгуашэу. КъищынэмыщIауэ, жыг щхьэфэр сагъыз IувкIэ кудащи, бактериехэмрэ вирусхэмрэ кIуэцIрыкIыфыркъым.

Мафусаилыр щыкI щIыпIэр икъукIэ щIыналъэ гъущэщ икIи абы къэкIыгъэ куэд йокIуэдыкI. Ауэ псейр мыгъуу къызэтенащ абы и фIыгъэкIэ. ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, иджыри илъэс мин зыбжанэкIэ итынущ, климатым зимыхъуэжмэ.

Урысейм и гугъу пщIымэ, иджыблагъэ щIэныгъэлIхэм Якутием къыщахутащ мэз псо, зи ныбжьыр илъэс 750 - 885 хъу тхьэмпабэхэр щыкIыр.

Илъэс мини 3-м щIигъуауэ Бразилием щокI Cariniana legalis жыгыр. Абы ихъуреягъкIэ ит мэзыр ираупщIыкIри, ди жагъуэ зэрыхъунщи, мыри дагъэкIуэнкIэ хъуну жаIэ.

1968 гъэм Японием и Якусимэ хытIыгум къыщагъуэтащ илъэс 2500 - 7200-рэ хъу жыг. Абы и ныбжь дыдэр къыпхуэмыщIэну и купщIэр ифыкIащ, ауэ нэхъ мащIэ дыдэу илъэс 2500-рэ зэрыхъум щыхьэт тохъуэ къуэкIыпIэ ботаникхэр.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

ЩIыуэпс

# ЦIыху мини 3-м нэблагъэ хэкIуэдащ

**Мэкъуауэгъуэм и 24-м Венесуэлэм щIыр тIэунейрэ щыхъеящ, зым балли 7,2-рэ, адрейм - 7,5-рэ иIыгъыу. Ар къыщыхъуащ Морон къалэм километр 16-кIэ пэжыжьэу. Насыпыншагъэм зэтрикъутащ уни 189-рэ. Я Iуэхур шынагъуэ дыдэщ Ла-Гуайрэ щIыналъэм щыпсэухэм.**

СЫТ хуэдэ щIыуэпс насыпыншагъэми хуэдэу, Венесуэлэм къыщыхъуа щIыхъей шынагъуэм цIыху дапщэ хэкIуэдами зэуэ къыпхуэхутэнукъым. Ауэ, а къэралым и президентым и уполномоченнэ Родригес Дельси зэрыжиIэмкIэ, унэ зэхэкъутахэм я лъабжьэм къыщIахыжащ цIыху 2595-м я хьэдэхэр. Псори зэхэту абы псэуалъэншэу къигъэнащ цIыху мин 13-м нэблагъэ.

- Узыншагъэр хъумэнымкIэ ди къэралым IуэхущIапIэу щыIэр йолэжь къыттепсыха насыпыншагъэм и Iэужьхэр гъэмэщIэным . УIэгъэ хъуахэм дэIэпыкъуэгъу щагъуэт къэрал сымаджэщхэми уней клиникэхэми. Абы мылъкуу текIуэдэнур къэралым и пщэ дэлъщ, дауи, - жеIэ Родригес.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Венесуэлэм и унафэщIхэм яхуэгузэващ къэхъуа щIыуэпс насыпыншагъэм теухуауэ, Каракас зыхуэныкъуэ псомкIи зыщIигъэкъуэнуи жиIащ.

**ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.**

# Гупым и псэ

Очерк

**УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм илъэс куэд лъандэрэ хэт Къардэн Мухьэмэд «Адыгэ псалъэм» щІэхщІэхыурэ къыхуэтхэ ди щІэджыкІакІуэхэм ящыщщ. Нобэрей къыдэкІыгъуэм тет очеркымкІэ абы дегъэцІыху жылагъуэм пщІэ щызиІэ, и къару емыблэжу лэжьа, ди щІыналъэм и мэкъумэш ІэнатІэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІа ІэщІагъэлІхэм ящыщ Нэгумэ Мухьэмэд.**



«ИЛЪЭС 45-рэ... Ар мащІэ хьэмэрэ куэд? Апхуэдиз илъэс хъуауэ дызэрылъэгъуатэкъым мы очеркыр зытеухуа, Каменномост (Къармэхьэблэ) щыщ Нэгумэ Мухьэмэд сэрэ. Дэ илъэситхукІэ дыщызэдеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ветеринар къудамэм. Абы япэщІыкІэ университетым ветеринариемкІэ иІэ и илъэс курсыр къиухат. ВетеринариемкІэ къудамэ щхьэхуэр къызэІуаха нэужь, абы щІэтІысхьэжат.

А лъэхъэнэм ныбжьэгъу дызэхуэхъуат дэ. Умылъагъун хуэдэтэкъым ар: гуапэт, и псалъэм тетыжт, зэхэгъэж ищІэртэкъым. «Гупым и псэ, и шхэпс» - арат абы дызэреджэри. ФІыуэ зэреджэм къыдэкІуэу, Мухьэмэд жылагъуэ лэжьыгъэ зыбжанэ игъэзащІэрт. Студпрофкомым хэтт, «комсомол прожекторри» игъэлажьэрти, шхапІэхэм, тыкуэнхэм, автобусхэм я лэжьыгъэр къипщытэу куэдрэ урихьэлІэнут. ЩІалэ пэжыр, жыджэрыр фІыуэ ялъэгъуат егъэджакІуэхэми студентхэми.

Дызэрызэрымылъагъурэ илъэс Іэджэ хъуауэ, Мухьэмэд и ныбжьэгъу, и курсэгъу, къыдеджа Кумыщ Сафудинрэ сэрэ мурад тщІыри, абы и деж я къуажэ дыкІуащ. Мухьэмэд зэры-Мухьэмэдт: пэжу, тхъугъэ тІэкІу хэзэрыхьэт япэм укъищыным хуэдэу лыду щыта щхьэцхэм, ауэ иджыри и нэхэр гуапэт, узэІэпишэу «къопсалъэрт». Ар гуапэу къытІущІэри дригъэблэгъащ. Апхуэдэхэм деж уигу къэкІыжын мащІэ, куэдым я щхьэфэ диІэбащ, куэд ди гум къэдгъэкІыжащ.

Іэщ дохутыру илъэс 40-кІэ лэжьа Мухьэмэд иджыри ешаифэ теттэкъым. Нэгумэр зыпэрыта ІэнатІэхэр зэрыт тхылъым япэу итщ: «Каменномост» совхозым и Іэщ дохутыр нэхъыщхьэу гъэувын». А зэманым совхозым мэлу мин 35-рэ, жэм къашу мин, ІэщІэвыщІэу мини 7, шыуэ минищрэ щитхурэ иІэт. Ахэр зыхуей хуэбгъазэу зепхьэн папщІэ, щхьэкъэІэт уимыІэу, уи зэман уемыблэжу улэжьэн хуейт. Куэд хищІыкІрэт лэжьыгъэм дыгъуасэрей студентым? «Ей, бетэмал, хъуакъым ар, япэщІыкІэ къызэрыгуэкІ дохутыру сыувын хуеящ. Дауэ сыпэлъэщыну мы лэжьыгъэ гугъум. Бруцеллезыр, туберкулезыр, лейкозыр гъэкІуэдын хуейщ, - хужиІэжырт и щхьэм Нэгумэм абы щыгъуэ. - «Іуэху мыублэм блэ хэсщ», - жаІэ. Сегугъунщ, зезгъэсэнщ...»

Совхоз фермэхэм я унафэщІхэм ветеринар профилактикэм, санитарием щІагъуэу зрагъэлІалІэртэкъым. Сыт Іэщ дохутырым, нэхъыщхьэми, абыхэм япэуву хузэфІэкІынур? Я фІэщ ищІын папщІэ епсэлъэн, ечэнджэщын, мыхъужыххэмэ - етхьэкъун. Ауэ утхьэкъуэкІэ Іуэхум сэбэп ухуэхъуну? Дохутыр щІалэм хозяйствэр къызэхекІухь, ерыщу щІобэн ветеринар хабзэхэр гъэзэщІэным. Фермэхэм тес псоми къагурыІуащ апхуэдэ цІыхум къэгъэгугъэкІэ узэрыфІэмыкІыфынур икІи абы лэжьыгъэр нэхъ тынш ищІащ.

Нэгумэм зыри щыгъупщэртэкъым, дэтхэнэ Іуэхугъуэри и кІэм нигъэсу есат ар. Зэгуэрым мэл фермэхэм языхэзым щынэ куэд щылІэу щІидзащ. Узым псынщІэу зиубгъурт. Зоотехникым и щхьэр къыфІэхуат, директорым уафэм сабэр дрипхъейрт. Нэгумэр Налшык ветбаклабораторэм кІуащ ІэщІагъэлІ къишэну. КъэкІуахэм узыфэр къахуэмыщІэу, кърапщытэну зыгуэрхэр здащтэри кІуэжащ. Районым и ІэщІагъэлІхэр къэхутэныгъэм ежьэу щыс хъунутэкъым - Іэщыр къегъэлын хуейт. Нэгумэм хуигъэфащэрт ар уз зэрыцІалэ нэхъ Іейхэм ящыщ зыуэ. Абы Іэщыр сыхьэт 20 - 24-м къриубыдэу иукІырт. Унафэ ищІащ сымаджэхэм сывороткэ, узыншэхэм вакцинэ халъхьэну икІи ар сэбэп хъуащ, щынэу лІэхэм я бжыгъэм хэщІащ.

Тхьэмахуэ дэкІа иужьщ Налшык къикІыу хъыбар къащыІэрыхьар. Нэгумэм жыхуиІа узыфэм лабораторэр щыхьэт техъуащ. Дохутыр щІалэм а тхьэмахуэм узым къригъэлат щынэ мин зыхыбл. Ар фІыгъуэшхуэт. Къуажэдэсхэм Мухьэмэд щхьэкІэ жаІэрт: «Дохутырхэм я дохутырыж». Зэрылажьэрэ куэд мыщІами, зи ІэщІагъэм хуэІэижь хъуа щІалэр, опытышхуэ зиІэхэм куэдрэ чэнджэщэгъу ящІу хуежьащ абы иужькІэ. Пэжу, Нэгумэм Іэщхэм я узыфэр щыуагъэншэу къищІэф къудейтэкъым, атІэ Іэзэуи игъэхъужырт, псым хэс бдзэжьейм хуэдэт ар, лэжьыгъэр щІэжьейхэм ехьэлІамэ. Арат абыхэм уз мыгурыІуэгъуэр къахыхьамэ, «Мухьэмэд псынщІэу фыкъеджэ» жаІэу щІыщытар.

Іэщ дохутыру еджэным и къыщІэдзапІэри мырат. Фермэм къашауэ щІэжьейхэм якІэлъыплъ гупым яхэплъэри, совхозым и директорыр дохутырхэм ядэІэпыкъу Мухьэмэд зыхуигъэзащ: «Уэ ІэкІуэлъакІуэу Іэщхэм мастэ яхыбоІу, Іэщ дохутыр ІэщІагъэм хуеджи, совхозым укъэкІуэжынщ». А зэманым совхозым Іэщ дохутыр и мащІэт. Совхоз унафэщІым жиІар унагъуэм яхуиІутэжащ щІалэм. Адэм Іуэхур диІыгъри, ветеринар ІэщІагъэм университетым щыхуеджащ.

Къыхиха ІэщІагъэр мытынш пэтми, лэжьэн щыщІидзагъащІэм чэнджэщкІэ, щапхъэкІэ а зэманым ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэм сэбэп къыхуэхъуащ, къуажэм япэ дыдэу къыдэкІа Іэщ дохутырхэр, ветстанцым и лэжьакІуэхэр. Нэгумэм лэжьэн щыщІидзам мурад быдэ ищІащ, совхозымрэ унагъуэхэмрэ я Іэщыр узыншэу имылъэгъуауэ емытІысэхыну (абы щыгъуэ уз зэрыцІалэхэр куэду щыІэт). Жэмхэм, мэлхэм, шыхэм къалъхунур узыншэу щытын папщІэ псэф щІыкІэ абыхэм вакцинэхэр, витаминхэр яхилъхьэрт, лъхуэным зы мазэ иІэу силос фІэІуар Іусыпхъэм хигъэхьэртэкъым, фІагъ ин зиІэ мэкъу фІэІуахэр яритырт. Уз зэрыцІалэхэр къаймыуэлІэн щхьэкІэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм я сэбэпкІэ хэщІым я бжыгъэр зы процентым фІэкІыртэкъым. Апхуэдэу ехъулІэныгъэ зиІэу куейм щыІэр зэрызыххэт.

ЩІалэщІэм лэжьэн щыщІидза гъэм уз зэрыцІалэ шынагъуэхэр куэду щыІэ пэтми, абыхэм япэлъэщырт. Апхуэдэу щыт пэтми, вакцинэ яхэмылъу ди республикэм кърашэ Іэщхэм мыдрей узыншэхэр яцІалэрт. Апхуэдэ зы Іэщ къахыхьэмэ, мафІэм хуэдэу, псори къигъэлыдынут. ИкІи къэлыдащ. Іуей (ящур) узыр къыпхиудащ. Шынагъуэ щыІэт Іэщу республикэм иІэр а уз бзаджэм зэщІикъуэнкІэ. Лыгъэм хуэдэу, Іуейм зиубгъуат. Псэхурэ жейрэ имыІэ жыхуаІэм хуэдэу Мухьэмэд хулъэкІащ хозяйствэм и щІэжьейр узым имыубыду къигъэхъун. А ехъулІэныгъэшхуэм папщІэ абы къыхуагъэфэщауэ щытащ саугъэт лъапІэ. Совхозыр районым щыпашэхэм зэрахэтами Мухьэмэд и лэжьыгъэ хьэлэл хэлът.

Зэман дэкІащ абы лъандэрэ. Ауэ гум къинэжащ гу къабзэрэ псэ къабзэкІэ зи ІэнатІэм пэрыт ІэщІагъэлІым и цІыху щІыкІэр. Дзыхьыр зищІысыр хьэкъыу къыгурыІуэрт. «ЩІалэ гъакІуэ кІэлъыкІуэж» жыхуаІэм зэи ещхьтэкъым. ЗэІэзэр Іэщхэр ара пэтми, сэ къызолъытэ Нэгумэ Мухьэмэд, апхуэдиз набдзэгубдзаплъагъ хэлъу дунейм тетыр, цІыхугъэм и дохутыр нэсуи щыту. Ныбжь хъарзынэ иІэми, Нэгумэр ноби къуажэдэсхэм ядоІэпыкъури, абыхэм я пщІэрэ щІыхьрэ къихьащ и дуней тетыкІэ екІумкІэ, и псэ хьэлэл лэжьыгъэмкІэ. Абы нэхъ насып щыІэуи къыщІэкІынкъым.

Си гуапэщ Мухьэмэд хиша гъуэгур куэдрэ хэмыгъуэщэну. Узыншагъэ иІэу илъэс куэдкІэ Тхьэм иджыри цІыхухэм сэбэп яхуигъэхъу».

*Зыгъэхьэзырар*
**КЪАРДЭН Маритэщ.**

# Къуажэдэсхэм гуапэу ирагъэблэгъэж





**Илъэс 24-рэ иримыкъуахэм я деж алыдж-урым банэкІэмкІэ я зэпеуэм Урысейм дыжьын медалыр къыщызыхьа спортсмен, Дзэлыкъуэ районым щыщ Уэртэн Руслан каменномостдэсхэр гуапэу а къуажэм къыщыпежьащ.**

РУСЛАН и зэфІэкІ щигъэлъэгъуащ Омск къалэм щекІуэкІа урысей зэпеуэм. ЩІалэм алыдж-урым бэнэкІэм зыхуегъасэ япэ классым зэрыкІуэ лъандэрэ, Сэрмакъ къуажэм къыщыщІидзащ, мы зэманым щыІэщ олимп зэпеуэхэм щыхуагъасэу Москва дэт «Восток» спорт школым. Республикэм, Урысейм ехъулІэныгъэхэр щызыІэригъэхьащ мызэ-мытІэу.

Спортсмен ныбжьыщІэм ІущІащ къуажэ администрацэм и унафэщІ КІуэкІуэ Ахьмэд, Дзэлыкъуэ районым и администрацэм физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ туризмэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Шэру Аслъэнбэч, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, нэхъыжьхэр, щІалэгъуалэр. Спортсменыр ягъэлъапІэу, «Урысейм спортымкІэ и мастер» бгъэхэІур халъхьащ. Апхуэдэ цІэр Руслан къилэжьащ ерыщагъкІэ, жанагъкІэ, гурыхуагъкІэ. Администрацэм и унафэщІыр спортсменым ехъуэхъуащ и ехъулІэныгъэфІым папщІэ. И адэ-анэми, и гъэсэнхэми фІыщІэ псалъэ яхужиІащ, хэлъэт зиІэ щІалэм и мурадхэр зэрыдаІыгъым папщІэ. АдэкІи дунейпсо утыкум лъапэ махуэ иричэну, зэфІэкІ щигъэлъэгъуэну, иджыри и цІэр фІыкІэ зэхахыну зэригуапэр жиІащ. Руслан и япэ гъэсакІуэ Елчэпар Мурат, къуажэдэс нэхъыжьхэр, Уэртэным и ныбжьэгъухэр абы ехъуэхъуащ спортым лъагапІэ куэд щызэригъэгъуэтыну.

Спортсменым къуажэм щыІущІахэм яхэтащ Дзэлыкъуэ районым щыщ бэнакІуэ ныбжьыщІэхэр. Абыхэм я дежкІэ Руслан щапхъэщ. ЩІалэ цІыкІухэр яфІэгъэщІэгъуэну едэІуащ спортым щызыІэригъэхьахэм лъабжьэ яхуэхъуам, лъэбакъуэ къэс гугъуехь зэрыпылъым теухуауэ абы яжриІахэм. НыбжьыщІэхэр зыщІэупщІахэми Руслан и гуапэу жэуап иритащ.

**ГЪУЭТ Синэ.**

# Театр сурэтыщIым и IэдакъэщIэкIхэр

● Гъуазджэ



**Урысей Федерацэм и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэр илъэси 150-рэ зэрырикъум, абы и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр илъэс 85-рэ зэрыхъум я щIыхькIэ сурэтыщI гъуазджэхэмкIэ Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ музейм щагъэлъагъуэ театр теплъэгъуэхэм хуащIа сурэтхэр. 1940 гъэхэм щегъэжьауэ ди республикэм щылэжьа театр сурэтыщIхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуахьэсащ музейм. Эскизхэр Урысей Федерацэм и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм и архивым къыхахащ.**

XX лIэщIыгъуэм и 40 гъэхэм Ярославскэ театрым щылэжьа сурэтыщI Медовщиков Николай, Ленинград щыщ сурэтыщI Петровэ Галинэ сымэ я IэдакъэщIэкIхэм щыщхэр, нэгъуэщIхэри щагъэлъагъуэ абы. Псалъэм папщIэ, Медовщиков Николай и эскизхэр къыщагъэсэбэпащ Къэбэрдей, Урыс театрхэм Шортэн Аскэрбий и «ИгъащIэкIэ» («Навечно») тхыгъэмкIэ ягъэуваუэ щыта спектаклым. Акъсырэ Залымхъан и «Даханагъуэ» пьесэмкIэ ягъэува спектаклри игъэщIэрэщIащ Медовщиков Николай. Гоголь Николай и «Ревизор»-р Къэбэрдей театрым щигъэувми, актёрхэм я теплъэхэр тращIыкIащ а театр сурэтыщIым и эскизхэм. Гупсысэ щIэщыгъуэкIэ гъэнщIа теплъэ къэзыгъэлъэгъуахэм ящыщщ Жылэ Анатолэ, Мысачэ Мурат, Лазников Сергей, Баккуев Владимир, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэр. Мы зэманым республикэм и театрхэм ядэлажьэхэу Жылэ Къантемыр, Дэцырхъуей Рузанэ, Мамбэт Пётр, Макиевэ Екатеринэ сымэ я IэдакъэщIэкIхэри гъэщIэгъуэнщ. Музейм и пэш щхьэхуэм ущеплъыфынущ цIыкIухэм папщIэ къызэрагъэпэща плIанэпэм. Республикэм и Гуащэ театрым и гъэтIылъыгъэхэр абдеж щагъэлъагъуэ.

- Театрыр - ар гъуазджэхэм я зэщIэжьыуэщ. Актёрыр утыкум щыдолъагъу, режиссёрым и лэжьыгъэри нэIурытщ. А псом хэлэжьыхь сурэтыщIым театреплъхэм гу щылъамытэ къохъу. Ауэ щыхъукIэ спектаклым и зэхэлъыкIэр, зэрекIуэкIынур, цIыхухэм ягу дыхьэныр куэдкIэ елъытащ сурэтыщIхэм. Театрым и купщIэр сурэткIэ къызэтращыпыкI абыхэм. Мы гъэлъэгъуэныгъэ щIэщыгъуэри абы щыхьэт техъуэ зы Iуэху дахэщ. Ди зэманым театр утыкум итхэм, а утыкум и теплъэ хъунум елэжь сурэтыщIхэм папщIи мыр Iуэху щхьэпэщ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Ащхъуэт Ритэ.

Урысей Федерацэм и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Катанчиевэ Хьэлимэт тепсэлъыхьащ сурэтхэр, эскизхэр зэрызэхагъэувам, лэжьыгъэхэм ящыщу гулъытэ нэхъ зыхуащIахэм, театр архивым щIэлъ сурэт гъэтIылъыгъэхэм.

- КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм щIыгъуу къызэдгъэпэща Iуэхущ мыр. Къапщтэмэ, мы музейм еплIанэу къыщызэдгъэпэща гъэлъэгъуэныгъэщ. Зэман зэхуэмыдэхэр къызэщIаубыдэ лэжьыгъэхэм - архивым къыхэтхахэри иджырей сурэтыщIхэу Мамбэт Пётр, Жылэ Къантемыр, Дэцырхъуей Рузанэ, Макиевэ Екатеринэ сымэ я IэдакъэщIэкIхэри щызэхуэтхьэсащ музейм. Театрым къыщыщIедзэ сурэтыщIым и деж. Гулъытэншэ тщIакъым цIыкIухэри. Абыхэм папщIэ пэш щхьэхуэ дгъэщIэрэщIащ гуащэхэм я театрым я хьэпшып щIэщыгъуэхэмкIэ, - жиIащ Хьэлимэт.

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Жылэ Анатолэ тепсэлъыхьащ театрым дэлажьэ сурэтыщIхэм я лэжьэкIэр лIэужьыгъуэ зыбжанэу зэрызэщхьэщыкIым.

- Театр дунейм зэ ухыхьа нэужькIэ, узыIэпешэ. Театр лэжьыгъэр куэдкIэ къулей ещI сурэтыщIым - утыкум кърахьэну теплъэр зэрыщыту зи нэгум щIэкIыр ращ япэу. Театрым и сурэтыщIым фIыуэ хещIыкI литературэми, зыхещIэ макъамэри. Къапщтэмэ, Урысейм и сурэтыщI нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэр зэгуэр театрым дэлэжьащ. - жиIащ Жылэм.

Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал театрым и унафэщI Жангуразов Мажид къыщыпсэлъащ гъэлъэгъуэныгъэм.

-Театрым и сурэтыщIу ущытыну гугъущ. ЩыIэщ спектакль, псом нэхъыбэ жэуап сурэтыщIым и пщэ къыщыдэхуэу. Режиссёрми, актёрми, сурэтыщIми я гупсысэр зэтемыхуэнкIи хъунущ, зэлэжьым теухуауэ. ЗэчэнджэщрэзыхэкIыпIэ къагъуэтамэ, театр теплъэгъуэр щIэщыгъуэ мэхъу. ДыщогуфIыкI театрым дэлажьэ сурэтыщI зэчиифIэхэр дызэриIэм. - жиIащ абы.

Театр сурэтыщIхэм я IэдакъэщIэкIхэм еплъыну, ди театрхэм щагъэлъэгъуа спектаклхэр зигу къэзыгъэкIыжыну, хуейхэр гъэлъэгъуэныгъэм фрагъэблагъэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ,**
*Сурэтхэр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*








● ЗэвгъэцIыху

# Уафэхъуэпсксылыу зэщIэлындащ Инал

**Илъэс ипэкIэ мащIэщ ар зыцIыхуу щытар, иджы Урысей Федерацэм футболым зыгуэр нэхъ мыхъуми щыхэзыщIыкIхэм я бзэгупэм телъщ. Зи гугъу сщIыр Урысей премьер-лигэм и судья нэхъыщхьэ Тэнащ Иналщ.**

СОВЕТ Союзым и лъэхъэнэм щыщIэдзауэ нобэр къыздэсым Кавказ Ищхъэрэм щыщу ди къэралым и топджэгу командэ нэхъыфIхэм я зэIущIэхэм щылэжьэну нэхъапэм къызыхуихуар Осетие Ищхъэрэм щыщ Чехоев Владимиррэ Шэшэным щыпсэу Ибрагимов Лом-Алийрэщ. Ахэр судья нэхъыщхьэу щыщытар блэкIа лIэщIыгъуэращ. Инал утыку къихьа къудейщ.

Нэгъабэ, бадзэуэгъуэм и 27-м, «Оренбург»-мрэ Мэхъэчкъалэ и «Динамо»-мрэ я зэIущIэм и судья нэхъыщхьэу Тэнащ Инал япэ дыдэу Урысейм футболымкIэ и премьер-лигэм кърагъэхьащ. Ар и къалэнхэм дагъуэншэу пэлъэщащ икIи кIуэ пэтми дзыхь нэхъ къыхуащIурэ лъэ быдэкIэ уващ. Абы и щыхьэтщ 2025 - 2026 гъэхэм екIуэкIа зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэу щытахэм я рейтингу Урысей Футбол Зэгухьэныгъэм зэхигъэувар. Арбитру 26-рэ премьер-лигэм щылэжьати, Тэнащ Инал етIуанэ увыпIэр иубыдащ. Бжьыпэр илъэс етIуанэ хъуауэ зыIыгъ Санкт-Петербург щыщ Левников Кирилл ди лъахэгъур къызэрыкIэрыхуар баллым и 0,003-щ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэ япэ илъэсым зиIа зэи къэхъуакъым Инал фIэкIа. Хьэлэмэтращи, абы нэхърэ нэхъыбэрэ (21-рэ) судья нэхъыщхьэу зэIущIэхэм щылэжьаи зэхьэзэхуэ блэкIам яхэткъым. Джэгугъуи 6-р хьэлъэ дыдэхэм хабжащ икIи дэтхэнэми дагъуэншэу пэлъэщащ.

Илъэсым и судья нэхъыщхьэ нэхъыфIыр къэрыхагъэщхьэхукIыу икIи саугъэт пэлъытэу Урысейм и кубокым и суперфиналым щылэжьэну ягъакIуэ. Мы гъэм и накъыгъэ мазэм апхуэдэ дзыхь ирагъэзащ Тэнащым икIи Москва дэт «Лужники» стадион абрагъуэм цIыху мин 73-рэ исуу «Спартак»-мрэ «Краснодар»-мрэ я кIэух зэIущIэм и судья нэхъыщхьэу щытащ. Апхуэдэу щIалэу ар дзыхь зыхуащIа нэхъапэм щыIакъым икIи абыи фIы дыдэу и къалэнхэм ди лъахэгъур щыпэлъэщащ.

Иджыблагъэ «Спорт-Экспресс» газет цIэрыIуэм иригъэкIуэкIа щIэупщIэныгъэми премьер-лигэм блэкIа и зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэ нэхъыфIу къыщалъытар Тэнащ Иналщ. Адрейхэр абы куэд дыдэкIэ къыкIэрыхуащ.

Абы щыгъуэми а щIалэщIэм и ныбжьыр илъэс 29-рэ хъууэ ращ. Налшык къыщалъхуащ, «Спартак-Налшыкым» и футбол школым зыщигъэсащ, арщхьэкIэ пасэ дыдэу топ джэгуныр IэщIыб ищIын хуей хъуащ фэбжь зэригъуэтам къыхэкIыу. Тэнащхэ лъэпкъкIэ зыщыщ Урыху къуажэм футбол командэ къыщызэригъэпэщауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатым ехъулIэныгъэкIэ щегъэджэгу. Топджэгум и судьяуэ щытыным пасэу дихьэхащ икIи и щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ хигъахъуэурэ лъагапIэхэм я нэхъ иным нэсащ. ИпэжыпIэкIэ уафэхъуэпскIыу щызэщIэлындащ Тэнащ Инал урысей футболым. Дауи, шэч къытетхьэркъым къызыхэкIа лъэпкъымрэ зыщыщ лъахэмрэ я пщIэр лъагэу иIэту адэкIи утыкушхуэхэм зэритынум, Тхьэм къыхузэпищэ!

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

## Фыдогъэблагъэ!

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.***
*«Б» дивизионым и Япэ гуп. ЕпщыкIутхуанэ джэгугъуэ*
**«Спартак-Налшык» - «Севастополь»**
*Налшык. «Спартак» республикэ стадион.*
*Бадзэуэгъуэм и 4-м.*
*Сыхьэт 17-м.*

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.073 • Заказыр №1378

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А